Æппæт бæстæты пролетартæ, баиу ут!

РÆСТДЗИНАД

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы æмæ Министрты Советы органы
Орган Северо-Осетинского обкома КПСС, Верховного Совета и Совета Министров Северо-Осетинской АССР

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы

1990
АПРЕЛЬ — ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙ
19
ЦЫППÆРÆМ
№ 76 (17758)

Аргъ 3 кап.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы ДЫУУАДÆСÆМ РАВЗÆРСТ САЙРАГ СОВЕТЫ ДЫККАГ СЕССИЙЫ УЫНАФФÆТÆ

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Конституцион хъусдарды комитеты сæрдары тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет уынаффæ кæны:

Æмбал **Фидараты** Хъазыбег Японы фырт æвзæрст æрцæуæд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Конституцион хъусдарды комитеты сæрдарæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

Гор. Орджоникидзе,

1990 азы 17 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Адæмон контролы комитеты сæрдары тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет уынаффæ кæны:

Цæгат Ирыстоны АССР-йы *Адæмон контролы комитеты* Сæрдарæй æвзæрст æрцæуæд æмбал **Мецъаты** Ирбег Зинэгъы фырт.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

Гор. Орджоникидзе,

1990 азы 17 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы комитеттæ æмæ нудадзыгон къамистæ саразыны тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет уынаффæ кæны:

Арæзт æрцæуæд Цæгат Ирыстоны АССР-йы ахæм комитеттæ æмæ иудадзыгон къамистæ:

КОМИТЕТТÆ

1. Аграрон фарстаты æмæ хойраджы къамис.

2. Закъонтæ дæттыны, закъонады æмæ барадон фæтки къамис.

3. Наукæйы, адæмон ахуырады, æнæниздзинад хъахъхъæныны, культурæ æмæ фæсивæды хъуыддæгты къамис.

4. Адæмон фæлхасады товарты, базарады, цæрæнуæтты-коммуналон, адæмон цардыуаджы æмæ æндæр læггæдты къамис.

5. Промышленносты, арæзтады, энергетикæйы, транспорт æмæ бастдзинады рæзты фарстаты къамис.

КЪАМИСТÆ

1. Экономикон реформæйы, пълантæ кæныны, бюджеты, финансты, фæллойы æмæ куысты мызды къамис.

2. Ветераны æмæ инвалиты хъуыддæгты къамис.

3. Сылгоймæгты, биноиты, мадæлты æмæ сабиты хъахъхъæныны хъуыддæгты къамис.

4. Экологийы, æрдзы хъæздыгдзинæдтæй раст пайда кæныны фарстаты къамис.

5. Национ политикæйы æмæ нацийты эсæн ахастдзинæдты къамис.

Столяров Владимир Антоны фырт — депутат Мæздæджы районы Некрасовы 104-æм æвзарæн округæй;

Тедеты Павел Резойы фырт — депутат Алагиры районы Бирæгъзæнджы 77-æм æвзарæн округæй;

Уырыхъуаты Зауырбег Мæхæмæты фырт — депутат Промышленнон районы Поселочы 19-æм æвзарæн округæй;

Хохойты Радик Сергейы фырт — депутат Рахизфарсы районы Ольгинскайы 130-æм æвзарæн округæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

г. Орджоникидзе,
1990 азы 17 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Закъонтæ дæттыны, закъонады, барадон фæткы комитет равзарыны тыххæй.

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет уынаффæ кæны:

Арæзт æрцæуæд Закъонтæ дæттыны, закъонады, барадон фæткы комитет.

Комитеты Сæрдар

Къоннаты Юрий Ибрагимы фырт — депутат Ленины районы Хетæгкаты Къостайы 14-æм æвзарæн округæй.

Комитеты уæнгтæ:

Жидаты Сергей Георгийы фырт — депутат Мæздæджоны районы Ног-Ирыстоны 114-æм æвзарæн округæй;

Къæбыты Лев Ильяйы фырт — депутат Алагиры районы Садоны 61-æм æвзарæн округæй;

Къаджаты Таймураз Герасимы фырт — депутат Кировы районы Зорты-фырты 32-æм æвзарæн округæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

г. Орджоникидзе
1990 азы 17 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Комитеты сæрдар

Хетæгкаты Зарæ Владимиры чызг — депутат Советон районы Ахриевы 70-æм æвзарæн округæй;

Комитеты уæнгтæ:

Бериты Олег Гаврилы фырт — депутат Советон районы Гугкайы -фырты 63-æм æвзарæн округæй;

Битаты Джек Павелы фырт — депутат Дыгуры районы Урсдоны 90-æм æвзарæн округæй;

Бутаты Таймураз Майрæмы фырт — депутат Советон районы Щорсы 49-æм æвзарæн округæй;

Гæлæуты Анатолий Ильяйы фырт — депутат Советон районы фыццагмайоны 47-æм æвзарæн округæй;

Дегъуаты Владимир Михаилы фырт — депутат Советон районы Коммунистон 59-æм æвзарæн округæй;

Хъыргъаты Владимир Константины фырт — депутат Советон районы Налцыччы 46-æм æвзарæн округæй;

Королев Сергей Валентины фырт — депутат Советон районы Буденныйы 61-æм æвзарæн округæй;

Раченков Игорь Алексейы фырт — депутат Промышленнон районы Пролетарон 24-æм æвзарæн округæй;

Самодурова Татьянæ Исайы чызг — депутат Советон районы Фрунзейы 54-æм æвзарæн округæй;

Цихиты Мæирбег Барисы фырт — депутат Советон районы Буачидзейы 55-æм æвзарæн округæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

г. Орджоникидзе
1990 азы 17 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Промышленносты, арæзтады, энергетикæйы, транспорт æмæ бастдзинады рæзты фарстаты комитет равзарыны тыххæй.

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет уынаффæ кæны:

Арæзт æрцæуæд Промышленносты арæзтады, энергетикæйы, транспорт æмæ бастдзинады рæзты фарстаты комитет.

Комитеты Сæрдар

Цæгæраты Сергей Михаилы фырт — депутат Советон районы Леоновы 56-æм æвзарæн округæй.

Ælбегонты Хасан Хæмыцы фырт — депутат Æрæфы районы Махческы 97-æм æвзарæн округæй;

Бæтæгаты Израил Дазейы фырт — депутат Рахизфарсы районы Космодемьянскайы 129-æм æвзарæн округæй;

Гæрнаты Хазби Алексейы фырт — депутат Советон районы Тургеневы 41-æм æвзарæн округæй;

Гиоты Эдуард Василийы фырт — депутат Промышленнон районы Толстойы 27-æм æвзарæн округæй;

Гæдæуты Таймураз Тимофейы фырт — депутат Алагиры районы Мызуры 80-æм æвзарæн округæй;

Гусаты Марат Умарханы фырт — депутат Æрыдоны районы Хъæдгæроны 85-æм æвзарæн округæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

г. Орджоникидзе,
1990 азы 17 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Ветераны æмæ инвалидты хъуыддæгты къамис равзарыны тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет уынаффæ кæны:

Арæзт æрцæуæд Ветераны инвалидты хъуыддæгты къамис.

Къамисы сæрдар

Сæлботы Хъæсыбег Дзахцыхъойы фырт — депутат Ленины районы Университеты 11-æм æвзарæн округæй;

Къамисы уæнгтæ:

Бызыкаты Феликс Махарбеджы фырт — депутат Рахизфарсы районы Хуымæлæдджы 132-æм æвзарæн округæй;

Дыгуры Барис Созырыхъойы фырт — депутат Ленины районы Центрон 1-æм æвзарæн округæй;

Дзæрæхохы Хъаз

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Адæмон контролы комитеты сæрдары тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет **уынаффæ кæны:**

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæрдарæй æвзарст æрцæуæд æмбал Мецъаты Ирбег Знауыры фырт.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

Гор. Орджоникидзе,

1990 азы 17 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Тæрхондоны сæрдары тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет **уынаффæ кæны:**

Æмбал Бæдтиаты Аслæнбег Алиханы фырт æвзарст æрцæуæд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Тæрхондоны сæрдарæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

Гор. Орджоникидзе,

1990 азы 17 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АВТОНОМОН СОВЕТОН СОЦИАЛИСТОН РЕСПУБЛИКÆЙЫ

ЗАКЪОН

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Конституцийы (Бындурон Закъоны) ивддзинæдты æмæ бафтауинæгты тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет **уынаффæ кæны:**

92-æм статьяйы 2-æм пункты, 95-æм статьяйы 3-æм хайы, 96-æм статьяйы 1-æм хайы 98-æм статьяйы 2-æм хайы, 99-æм статьяйы 3-æм пункты, 102-æм статьяйы 1, 2, 3 æмæ 4-æм хæйтты, 103-æм статьяйы 2-æм хайы, 104-æм статьяйы 3-æм пункты, 133-æм статьяйы 2-æм хайы, 135-æм статьяйы дзырдтæ «нудадзыгон къамисты» фæстæ æфтыд æрцæуæд «Комитеттæ».

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

Гор. Орджоникидзе,

1990 азы 17 апрель.

5. Промышленности, арæзтады, энергетикæйы, транспорт æмæ бастдзинады рæзты фарстаты къамис.

КЪАМИСТÆ

1. Экономикон реформæйы, пъланмæ кæныны, бюджеты, финансты, фæллойы æмæ кусты мызды къамис.

2. Ветеранты æмæ инвалидты хъуыддæгты къамис.

3. Сылгоймæгты, бинонты, мадæлты æмæ сабиты хъахъхъæныны хъуыддæгты къамис.

4. Экологийы, æрдзы хъæздыгдзинæдтæй раст пайда кæныны фарстаты къамис.

5. Национ политикæйы æмæ нациты 'хсæн ахастдзинæдты къамис.

6. Адæмон депутатты Советы кусты, уынаффæйады æмæ хиуынаффæйады рæзты фарстаты къамис.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

Гор. Орджоникидзе,

1990 азы 17 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Аграрон фарстаты æмæ хойраджы комитет равзарыны тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет **уынаффæ кæны:**

Арæзт æрцæуæд Аграрон фарстаты æмæ хойраджы комитет.

Комитетты сæрдар

Хъæстуаты Тамерлан Хусинæйы фырт — депутат Рахизфарсы районы Тельмæны 127-æм æвзарæн округæй.

Комитеты уæнгтæ

Бирюков Александр Павелы фырт — депутат Горæтгæрон районы Коминтерны 144-æм æвзарæн округæй;

Гокъинаты Сергей Алыксандры фырт — депутат Мæздæджы районы Быдырон 113-æм æвзарæн округæй;

Гуытъиаты Алымбег Василийы фырт — депутат Æрыдоны районы Нарты 87-æм æвзарæн округæй;

Дзампаты Азæ Дмитрийы чызг — депутат Советон районы Ларионовы 71-æм æвзарæн округæй;

Козаты Георгий Сафонкъайы фырт — депутат Промышленнон районы Тимирязевы 34-æм æвзарæн округæй;

Коцкиты Владимир Денисы фырт — депутат Дыгуры районы Къесайы-фырты 89-æм æвзарæн округæй;

Хъуппеты Мæирбег Мæцийы фырт — депутат Советон районы Терчыфалейы 45-æм æвзарæн округæй;

Мæхъиты Роин Константины фырт — депутат Алагиры районы Дзуарыхъæуы 78-æм æвзарæн округæй;

5. Промышленности, арæзтады, энергетикæйы, транспорт æмæ бастдзинады рæзты фарстаты къамис.

КЪАМИСТÆ

1. Экономикон реформæйы, пъланмæ кæныны, бюджеты, финансты, фæллойы æмæ кусты мызды къамис.

2. Ветеранты æмæ инвалидты хъуыддæгты къамис.

3. Сылгоймæгты, бинонты, мадæлты æмæ сабиты хъахъхъæныны хъуыддæгты къамис.

4. Экологийы, æрдзы хъæздыгдзинæдтæй раст пайда кæныны фарстаты къамис.

5. Национ политикæйы æмæ нациты 'хсæн ахастдзинæдты къамис.

6. Адæмон депутатты Советы кусты, уынаффæйады æмæ хиуынаффæйады рæзты фарстаты къамис.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

Гор. Орджоникидзе,

1990 азы 17 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Наукæйы, адæмон ахуырады, æнæниздзинад хъахъхъæныны, культурæ æмæ фæсивæды хъуыддæгты комитет равзарыны тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет **уынаффæ кæны:**

Арæзт æрцæуæд Наукæйы, адæмон ахуырады, æнæниздзинад хъахъхъæныны, культурæ æмæ фæсивæды хъуыддæгты комитет.

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет **уынаффæ кæны:**

Арæзт æрцæуæд Закъонтæ дæттыны, законады, барадон фæткы комитет.

Комитеты Сæрдар

Къоннаты Юрий Ибрагимы фырт — депутат Ленины районы Хетæгкаты Къостайы 14-æм æвзарæн округæй.

Комитеты уæнгтæ:

Жидаты Сергей Георгийы фырт — депутат Мæздæджы районы Ног-Ирыстоны 114-æм æвзарæн округæй;

Къæбысты Лев Илъяйы фырт — депутат Алагиры районы Садоны 61-æм æвзарæн округæй;

Къаджаты Таймураз Герасимы фырт — депутат Кировы районы Зорты-фырты 99-æм æвзарæн округæй;

Къесаты Станислав Мæхæмæты фырт — депутат Промышленнон районы Советон 21-æм æвзарæн округæй;

Козаты Валерий Къузмайы фырт — депутат Советон районы Фæсивæдон 58-æм æвзарæн округæй;

Рязанов Георгий Петры фырт — депутат Советон районы Фабричы 50-æм æвзарæн округæй;

Сидахъаты Юрий Султаны фырт — депутат Ленины районы Лазойы 6-æм æвзарæн округæй;

Снхъоты Сослан Иваны фырт — депутат Советон районы Барбашовы 48-æм æвзарæн округæй;

Ткаченко Юрий Владимиры фырт — депутат Мæздæджы районы Мæздæджы 105-æм æвзарæн округæй;

Туаты Хъазыбег Сергейы фырт — депутат Дыгуры районы Дыгуры 88-æм æвзарæн округæй;

Феодоров Гарий Афанасийы фырт — депутат Ленины районы Димитровы 13-æм æвзарæн округæй;

Швыдко Сергей Иваны фырт — депутат Советон районы Мамсыры-фырты 44-æм æвзарæн округæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

Гор. Орджоникидзе

1990 азы 17 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Адæмон фæлхасады товартæ, базарады, цæрæнуæтты-коммуналон, адæмæн цардыуаджы æмæ æндæр лæггæдты комитет равзарыны тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет **уынаффæ кæны:**

Арæзт æрцæуæд Адæмон фæлхасады товарты, базарады, цæрæнуæтты-коммуналон, адæмæн цардыуаджы æмæ æндæр лæггæдты комитет.

Комитеты сæрдар

Татраты Хъазыбег Уардойы фырт — депутат Советон районы Реданты 38-æм æвзарæн округæй.

Комитеты уæнгтæ:

Бететы Виктор Гаврилы фырт — депутат Ленины районы Ватутины 3-æм æвзарæн округæй;

Габеты Василий Тасойы фырт — Æрæфы районы Сырх-Дыгуры 96-æм æвзарæн округæй;

Джноты Георгий Павелы фырт — депутат Горæтгæрон районы Сунжæйы 142-æм æвзарæн округæй;

Дзуццаты Рамазан Барисы фырт — депутат Ленины районы Ногдзауты 104-æм æвзарæн округæй;

Хъæцмæзты Æхсарбег Аслæмбеджы фырт — депутат Ленины районы Гайдары 2-æм æвзарæн округæй;

Кирилкин Юрий Григорийы фырт — депутат Промышленнон районы Калинины 28-æм æвзарæн округæй;

Махъоты Эльбрус Авдулы фырт — депутат Æрæфы районы Махъойы-фырты 94-æм æвзарæн округæй;

Таридонов Владимир Василийы фырт — депутат Мæздæджы районы Маяковскийы 107-æм æвзарæн округæй;

Тедеты Вадим Павелы фырт — депутат Горæтгæрон районы Комбилеевкæйы 138-æм æвзарæн округæй;

Цæгæраты Юрий Савелийы фырт — депутат Промышленнон районы Гагарины 20-æм æвзарæн округæй;

Шаталов Михаил Михаилы фырт — депутат Промышленнон районы Марко-

фырт — депутат Промышленнон районы Пролетарон 24-æм æвзарæн округæй;

Самодурова Татьянæ Исайы чызг — депутат Советон районы Фрунзейы 54-æм æвзарæн округæй;

Цихиты Мæнрбег Барисы фырт — депутат Советон районы Буачидзейы 55-æм æвзарæн округæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

г. Орджоникидзе

1990 азы 17 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Адæмон фæлхасады товартæ, базарады, цæрæнуæтты-коммуналон, адæмæн цардыуаджы æмæ æндæр лæггæдты комитет равзарыны тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет **уынаффæ кæны:**

Арæзт æрцæуæд Адæмон фæлхасады товарты, базарады, цæрæнуæтты-коммуналон, адæмæн цардыуаджы æмæ æндæр лæггæдты комитет.

Комитеты сæрдар

Пойманов Анатолий Михаилы фырт — депутат Промышленнон районы Чкаловы 29-æм æвзарæн округæй.

Къамисы уæнгтæ:

Бекмурзаты Рамазан Муссæйы фырт — депутат Алагиры районы Тæмисчъы 72-æм æвзарæн округæй;

Бырцаты Георгий Хъас-

фырт — депутат Æрæфы районы Махческы 97-æм æвзарæн округæй;

Бетæгаты Израил Дазейы фырт — депутат Рахизфарсы районы Космодемьянскайы 129-æм æвзарæн округæй;

Гæриаты Хазби Алексейы фырт — депутат Советон районы Тургеневы 41-æм æвзарæн округæй;

Гноты Эдуард Василийы фырт — депутат Промышленнон районы Толстойы 27-æм æвзарæн округæй;

Гæлæуты Таймураз Тимофейы фырт — депутат Алагиры районы Мызуры 80-æм æвзарæн округæй;

Гусаты Марат Умарханы фырт — депутат Æрыдоны районы Хъæдгæроны 85-æм æвзарæн округæй;

Демыраты Хъазыбег Харитоны фырт — Æрыдоны районы Æрыдоны 83-æм æвзарæн округæй;

Коневцова Надежда Ивановны чызг — депутат Мæздæджы районы Комсомольскы 110-æм æвзарæн округæй;

Плиты Таймураз Самсоны фырт — депутат Советон районы Ленинграды 64-æм æвзарæн округæй;

Реуазты Михаил Ивановны фырт — депутат Советон районы Цоколайы-фырты 69-æм æвзарæн округæй;

Соколов Михаил Федоры фырт — депутат Промышленнон районы Чапаевы 25-æм æвзарæн округæй;

Чинах Евгений Александры фырт — депутат Горæтгæрон районы Михайловскы 150-æм æвзарæн округæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

Гор. Орджоникидзе,

1990 азы 17 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Экономикон реформæйы, пъланмæ кæныны, бюджеты, финансты, фæллойы æмæ кусты мызды къамис равзарыны тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет **уынаффæ кæны:**

Арæзт æрцæуæд Экономикон реформæйы, пъланмæ кæныны, бюджеты, финансты, фæллойы æмæ кусты мызды къамис.

Къамисы сæрдар

Сæлбиты Хъæзыбег Дæхцыхъойы фырт — депутат Ленины районы Университеты 11-æм æвзарæн округæй;

Къамисы уæнгтæ:

Бызыккаты Феликс Махарбеджы фырт — депутат Рахизфарсы районы Хуымæлæджы 132-æм æвзарæн округæй;

Дыгуры Барис Созырыхъойы фырт — депутат Ленины районы Центрон 1-æм æвзарæн округæй;

Хъæлыцты Солтан Гетæгъæзы фырт — депутат Советон районы Арæзтадон 66-æм æвзарæн округæй;

Мæхæмæтты Виктор Алиханы фырт — депутат Дыгуры районы Дур-Дуры 91-æм æвзарæн округæй;

Некрасова Ольгæ Михаилы чызг — депутат Советон районы Кырджалийы 67-æм æвзарæн округæй;

Трофимов Николай Петры фырт — депутат Мæздæджы районы Ульяновы 111-æм æвзарæн округæй;

Хуыгаты Лев Цобыкъайы фырт — депутат Горæтгæрон районы Ногиры 146-æм æвзарæн округæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

гор. Орджоникидзе,

1990 азы 17 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Сылгоймæгты, бинонты, мадæлты æмæ сабиты хъахъхъæныны хъуыддæгты къамис равзарыны тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет **уынаффæ кæны:**

Арæзт æрцæуæд Сылгоймæгты, бинонты, мадæлты æмæ сабиты хъахъхъæныны хъуыддæгты къамис.

Къамисы сæрдар

Тихонова Людмилæ Владимиры чызг — депутат Советон районы Краснодоны 62-æм æвзарæн округæй.

Къамисы уæнгтæ:

Арабаджи Василий Георгийы фырт — депутат Мæздæджы районы Виноградныйы 121-æм æвзарæн округæй;

Быгъуылты Ольгæ Тепсарыхъойы чызг — депутат Советон районы Ирыстойнаг 60-æм æвзарæн округæй;

Джиниты Ларисæ Гаспо-

Экологийы æмæ æрдзы хъæздыгдзинæдтæй раст пайда кæныны фарстаты къамис саразыны тыххæй.

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет **уынаффæ кæны:**

Арæзт æрцæуæд Экологийы æмæ æрдзы хъæздыгдзинæдтæй раст пайда кæныны фарстаты къамис;

Къамисы сæрдар

Хъæдохты Валерий Тотрадзы фырт — депутат Æрæфы районы Лескены 93-æм æвзарæн округæй.

Къамисы уæнгтæ:

Гогаты Феликс Петры фырт — депутат Промышленнон районы Орджоникидзейы 31-æм æвзарæн округæй;

Джусойты Петр Пухайы фырт — депутат Горæтгæрон районы Тарскæйы 141-æм æвзарæн округæй;

Дзугаты Гадзыбе Барисы фырт — депутат Рахизфарсы районы Зилгæйы 131-æм æвзарæн округæй;

Зимовец Михаил Михаилы фырт — депутат Горæтгæрон районы Санибайы 148-æм æвзарæн округæй;

Никоненко Владимир Леониды фырт — депутат Мæздæджы районы Троицкы 117-æм æвзарæн округæй;

Сæлбиты Альберт Алымбеджы фырт — депутат Кировы районы Елхоты 100-æм æвзарæн округæй;

Токарев Юрий Борисы фырт — депутат Промышленнон районы Интернационалон 30-æм æвзарæн округæй;

Черчесты Николай Дзабойы фырт — Алагиры районы Маркусы 75-æм æвзарæн округæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

Гор. Орджоникидзе,

1990 азы 17 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Национ политикæйы æмæ нациты 'хсæн ахастдзинæдты къамис равзарыны тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет **уынаффæ кæны:**

Арæзт æрцæуæд Национ политикæйы æмæ нациты 'хсæн ахастдзинæдты къамис.

Къамисы сæрдар:

Мæхæмæтты Ахуырбег Алиханы фырт — депутат Ленины районы Кавказы 7-æм æвзарæн округæй;

Къамисы уæнгтæ:

Баскаты Станислав Амырханы фырт — депутат Æрыдоны районы Къостайы 86-æм æвзарæн округæй;

Ваньке Ивальд Роберты фырт — депутат Дыгуры районы Николаевскы 92-æм æвзарæн округæй;

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УЫНАФФÆ

Адæмон депутатты Советы кусты, уынаффæйады æмæ хиуынаффæйады рæзты фарстаты къамис равзарыны тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет **уынаффæ кæны:**

Арæзт æрцæуæд Адæмон депутатты Советы кусты, уынаффæйады æмæ хиуынаффæйады рæзты фарстаты къамис.

Къамисы сæрдар

Кущов Олег Василийы фырт — депутат Мæздæджы районы Дзержинскийы 103-æм æвзарæн округæй.

Къамисы уæнгтæ:

Дауыраты Дамир Ханджерийы фырт—депутат Рахизфарсы районы Беслæны 123-æм æвзарæн округæй;

Дзугаты Олег Петры фырт — депутат Æрыдоны районы Красногоры 84-æм æвзарæн округæй;

Дзуццаты Саханджери Ханджерийы фырт — Рахизфарсы районы Дзанайы-фырты 128-æм æвзарæн округæй;

Хъуысаты Таймураз Елмæрзайы фырт — депутат Горæтгæрон районы Хъобаны 149-æм æвзарæн округæй;

Тебнаты Илья Мураты фырт — депутат Мæздæджы районы Веселæйы 118-æм æвзарæн округæй;

Темыраты Виктор Хæмыцы фырт — депутат Горæтгæрон районы Сырхгвардион 140-æм æвзарæн округæй;

Хестанты Сергей Георгийы фырт — депутат Мæздæджы районы Чеховы 112-æм æвзарæн округæй;

Цæллагты Владимир Николайы фырт — депутат Рахизфарсы районы Плийы-фырты 124-æм æвзарæн округæй;

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар

ГАЛАЗТЫ Æ.

г. Орджоникидзе,

1990 азы 17 апрель.

КАДДЖЫН ХÆРЗИУÆГ

Базарады æмæ фæлхасадон кооперацийы бирæ азты йæ зæрдиаг куысты тыххæй Цæгат Ирыстоны АССР-йы Базарады министрады Беслæны æхсæнадон хæлцы нугонды директор БÆТÆГАТЫ Солтанбег Тотырбеджы фырт æн Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Президиумы 1990 азы 13 апрелы Указмæ гæсгæ лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Президиумы Кады грамотæ.

ХÆДЗАРИУÆГАДЫ ЭКОНОМИКОН МАДЗÆЛТТÆ

ХÆСТÆ БИРÆ СТЫ

Журналисты фæндæттæ мæ ну æмæ дыууæ хатты нæ ныххастой Æрыдоны районы Мичурины номыл колхозмæ. Ис дзы куыстуарзаг адæм, зоныны дзы бирæты. Арæх нын ныхас бацайдагъ вæййы зæххы тыххæй, куысты æууæлты æмæ рæстæджы фарстатыл. Фæлæ фæстаг азты цалдæр хатты ивд æрцыдысты колхозы разамонджытæ æмæ специалисттæ. Хæдзарады зæххы куыст æмæ фосдарыны къабæзтæ мынæг кæнын райдыдтой, сæ пайда та — къаддæр.

Афæдз дæр нæма рацыдис, колхозы сæрдарæй Гаппуаты Гаврилы куы равзæрстой, уæдæй нырмæ. Уый хæдзарады ног адæймаг нæу, куыста дзы бригадирæй, фермæйы хицауæй. Адæм æй зонынц æмæ йыл æууæндынц. Сæйраг агроном Туаты Аркадий дæр у мичуриныхъæуккаг, колхозы, рагæй кæны зæххы куыст, уыдис мехъорды хицау. Ис æм бирæ хъуыдытæ, бирæ фæндтæ. Уæдæ сын æнтысгæ дæр чысыл нæ бакодта. Цæмæй райдыдтат уæ куыст, зæгъгæ, сæ куы бафарстон, уæд дыууæйæ дæр радтой цыбыр дзуапп: «Зæххæй». Стæй сындæггай сæ хъуыдытæ райхæлдтой.

Æппæт пайдатæ дæр зæххæй цæуынц. Куы йæ уарзай æмæ йыл куы аудай, уæд хæдзарадæн мæгуыпæй тас нæу. Пайда кæнын дæр дзы зонын хъæуы. Ам та дæссæдз азы размæ цы культуртæ тыдтой, уыдонæн, куыд фæзæгъынц, æхсæвæйбонæй куыстой. Афтæ сæм кастис, цыма адонæй фылдæр пайда ничи дæтты. Æмæ уыцы культуртæ дæр бирæ нæ уыдысты: нартхор æмæ фæззыгæндтæ — мæнæу, хъæбæрхор. Æрмæст уыдонæй-иу паддзахады хæс куы сæххæст кодтой, уæд-иу фосдарынады къабаз æнæ холлæгтæй баззад, фермæты продуктивондзинад нæ рæзыд.

Колхозæн фарон фæззæг йæ къухы бафтыдис 400 гектары хъæбæрхор цъæх холлæгтæн байтауын. Тыллæг куы бафснайæм, уæд дзы тагъд чи цæттæ кæны ахæм нартхор силосæн байтаудзыстæм, зæгъгæ, ахæм фæндонимæ. Ноджы ма йæм бахастой ногзинад. Ауадзæг, куыддæр рæстæг фæбæззыд, афтæ сæ хъæбæр хоры хуымы байтыдтой хохаг хъæдур. Куыд дзурынц, афтæмæй ацы хæццæ холлаг кæрдын райдайдзысты июны мæйы æмæ йын йæ ну хай цъæхæй дæтдзысты фосæн, иннæмæй та æрцæттæ кæндзысты фæлвых хос. Æппынкъаддæр дзы рауайдзæнис 4500 тоннæйы. Фарон та сæм уыдис æрмæстдæр 700 тоннæйы. Уый дæр — æрмæст рапсæй.

Æмæ йæ пайда æрмæст уый мидæг нæй. Хъæбæрхор æмæ хохаг хъæдурæй конд фæлвых хос, рапсæй кæй æрцæттæ кæной, уымæй дыууæ хатты хуыздæр у.

Уæдæ хæдзарады бирæ азты дæргъы тыдтой люцернæ дæр. Чысыл фæзуæттæ ну нæ ахста, цæттæ дзы кодтой хос. Фæлæ йæм læмбынæгдæр куы ркастысты, уæд ыл чысыл фыдæбон æмæ хæрдзтæ нæ уыдис. Люцернæ сцæттæ вæййы, уарынтæ сæ тæккæ тæмæны куы вæййынц, уæд. Хуымтæм бацæуæн нал вæййы, кæрдæг фæцауд вæййы. Уæдæ дзы цæмæй хос кæной, уый тыххæй дæр бахъæуы æвæрын дымгæгæнæн тыхджын агрегаттæ. Цыбыр дзырдæй, талф-тулфæй ну хос сцæттæ кодтой æмæ-иу йæ фылдæр хай фосæн дæтгæйæ фаджысмæ ацыдис.

Ацы аз бæлвырд фæкъаддæр кодтой люцернæйы фæзуæттæ æмæ дзы байтыдтой судайнаг кæрдæг: Ацы культурæй цы хос скæнай, уый люцернæйы хосæй хуыздæр йедтæмæ æвзæрдæр нæу. Уæдæ йæ æрцæттæ кæныныл дæр бирæ къаддæр хæрдзтæ цæуы. Сыдæнкæ та сцæттæ вæййы августы, уарынтæ куы банцайынц, уæд. Уый та фадат дæтты колхозонтæн цыбыр рæстæгмæ тыллæг бафснайынæн. Æмæ йæ кæй зæгъын æй хъæуы, хосы хæрзхъæддзинад вæййы хуыздæр. Специалисттæ куыд банымадтой, уымæ гæсгæ суданкæйы хуымтæй ацы аз æрцæттæ кæндзысты æппынкъаддæр 1800 тоннæйы хос. Уый бæрц хæдзарады никуы уыдис.

Сæрдар æмæ сæйраг агроном куыд зæгъынц, уымæ гæсгæ, æрмæст цъæх холлæгтæй æмæ хосæй фермæтæй бирæ пайда нæ райдзынæ, æхсыры æрконд сæрды мæйты куы фæфылдæр уа, уæддæр зымæджы фæкъаддæр уыдзæн. Уый тыххæй та хъæуынц, алыхуызон буаргъæдтæй хъæздыг чи уа, ахæм холлæгтæ. Æмæ фарон ацы хъуыддаджы скодтой фыццаг санчъех. Силосы дзыхъхъы нывæрдтой 350 тоннæйы нартхор, цæхæра æмæ насæй кæй сарæзтой, ахæм æмхæццæ холлаг. Уый хуытæ хæссынæн у диссаджы холлаг, уæдæ дзы хъомвосæн дæр куыннæ уыдзæн. Æмæ фарон куыд банымадтой, афтæ мæй ахæм холлагæн колхозæн йæ ну килограмм 10 капеккæй зынаргъдæр нæ сыстадис. Æмхæццæ холлæгтæн та паддзахад ну килограммæн исы 25 капеччы.

Æрмæст ацы холладжы культуртыл нæ фæцис разамонджытæн æмæ специалисттæн сæ куыст. Стыр æргом аздæхтой, цæмæй хæдзарады уа картоф, халсартæ æмæ дыргътæ дæр. Ссæдз азæй фылдæр адонæн ам сæ кой дæр нал ис.

Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы ног хъуыддæгтæ арæзт æрцæудзысты колхозонты руаджы. Æппæт зæххытæ дæр лæвæрд æрцыдысты арендæйы. Ис дзы цыппар бригады. Сæ сæргъы лæууынц, куыстмæ зивæг чи нæ кæны, ногдзинадмæ æмæ наукæйы æнтыстдзинæдтæм къæрцхъус чи у, ахæм специалисттæ. Уыдонæй ну у Плиты Æхсар. Ис æм 725 гектары зæххытæ, механизатортæ та — 13. Сты сæрæн æмæ куыстуарзаг. Уæлдай раппæлинаг та сты Битарты Чермен, Калоты Сергей æмæ Владимир Беленко. Куыд фæзæгъынц, адонæн сæ зæххытæ вæййынц хъæдындзы хуымтау сыгъдæг æмæ фæлмæн.

Уалдзæг йæ тæмæны бацыд. æмæ мичуринаг зæхкусджытæ хъазуатонæй æрлæууыдысты хъæздыг тыллæгыл тохы. Æмæ сæ хæстæ æххæст кæнынц æнтыстджынæй.

ХЪУЫСАТЫ Барис.

Орджоникидзейы машинæтæ аразæн заводы 2-æм цехы хуыздæр куспжытæ сты Наташæ Татова, Любæ Лысенко æмæ Челæхсаты Тамарæ. Фæллойы ветерантæ алыбон дæр хæслæвæрд 800 цæджы бæсты сцæттæ кæнынц 1500. Сæ нысан у афæдзы хæслæвæрдтæ дыууæ мæйы раздæр сæххæст кæнын.

Къамы: Наташæ ТАТОВА, Любæ ЛЫСЕНКО æмæ ЧЕЛÆХСАТЫ Тамарæ.

Къам систа КЪÆБЫСТЫ Х.

ХОРЗ АДÆЙМÆГТЫ ТЫХХÆЙ

ФЫДЫФСЫМÆРЫ УЗÆЛД

Æрæджы ламардойнаг Дзампаты Сергойыл сæххæст 50 азы. Уыцы бон æрæмбырд сты йæ хæдзармæ йæхионтæ, зонгæтæ. Бирæ хъарм ныхæстæ, зæрдиаг арфæтæ кæй уыданд йæ гуырæн боны фæдыл, уый гуырысхойаг нæу. Хъыгагæн, кæд мæ хæс уыд, уæддæр дзы нæ сæмбæлдтæн. Сергойы тыххæй газетмæ ныффыссыны хъуыды мæм, Зджыды шахты бирæ азты дæргъы хъазуатон фæллой кæй фæкодта, уый фæстæ та — Фыййагдоны, уый тыххæй не 'рцыд. Мах хæстæг бакодтам Дзампатимæ. Мæ фыртæн æрхуыдтам Сергойы 'фсымæры чызг Заремæйы. Ну чысыл рæстæг куы рацыд, уæд чындзимæ кæрæдзийæн нæ цардыл хабæрттæ фæкодтам.

— Махæн нæ фыд Хазби фæмард 1973 азы. Куыртатæй нæхимæ æхсæвыгон мотоциклыл цыд, йæхи телефоны хъæдыл ныццавта æмæ дзыхъмард фæци. — дзырдта чындз. — Цыппарæй, нæ хистæрыл — 15 азы, нæ кæстæрыл — 9, афтæмæй баззадыстæм нæ мад Райкæйы æвджид. Нæ кусгæ никуы кодта, нæ æнæниз нæ уыд, афтæмæй. Цалынмæ æнахъом уыдыстæм, уæдмæ йæ не 'мбæрстон, фæлæ ныр арæх фæхъуыды кæныи, цымæ куыдтæтæй бахъомыл уыдаккам, нæ æппæт хиуæттæ 'ныл сæ арм куы нæ фæдардтаиккой, уæд? Æппæтæй тынгдæр та нæ фыдыфсымæр Серго. Уый махæн фыд мысын никуы бауагъта. Иæхи сывæллæттæн цы уыд, махæн дæр уый. Нæ мад Райкæйæн та — йæ мады зæнæг æфсымæрау, æдзух æххуысгæнæг, æстуарзон уынаффæгæнæг...

Ацы ныхæстæ мын куы кодта мæ чындз Заремæ, уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, мæ цæстысытæ мæ нал бафарстой. Уæдæ уырдыгæй фæстæмæ сæмбæлгæйæ — мæхæдæг æвдисæн сæ диссаджы æмуд цардæн. Мæ зæрдыл ма мын мæ ну хиноны дæр æрлæууын кодтой. Амардис йæ læг, уымæн дæр 4 æнахъом сабийы баззад. Уæд æм йæ тиу баминæвар кодта, дæс сывæллæтты ам уадзы, дæхæдæг дæ цæгатмæ фæцу, зæгъгæ. уый дæр æм рарвыста, мæ хæндыг дæр мемæ ахæссон, æви йæ ам уадзон? Уый адыл æм ницыуал сдзырдта йæ сæрæнгуырд тиу. Баззад ус йæ сывæллæтимæ цæргæйæ. Мур æххуыс никæмæй фенгæйæ схъомыл кодта йæ цоты, раст фæндагыл сæ сарæзта. Фæлæ йæ тиуимæ цæрæнбонты знæгты цард фæкодтой. Уый дæр дын фыдыфсымæр...

Æвæццæгæн, Сергойæн хъæубæсты 'хсæн, суанг сæ комы хъæуты цæрджыты 'хсæн дæр, йæ кад афтæ бæрзонд уыцы зæрдиаг узæлд æмæ рæсугъд царды тыххæй у. Уымæн æмæ ахæм тæхудиаг цард æппæты къухы не 'фты. Суанг ма махыл дæр йæ бирæ хорздзинæдтæ ис. Гъе æмæ, нæ зынаргъ ног хæстæг Серго, нæ зæрдæ дын зæгъы, дæ цардæмбал Зойæимæ æнæниздзæй, æнæмастæй сæдæ азы фæцæрын. Фæсмон макуы фæкæн дæ бирæ хорздзинæдтыл. Цы хор байтыдтай, уымæн æнæ æркæрдгæ нæй Цы цыппар сидзæры фæтавтай хи хъæбултау, уыдон ныр сæхæдæг хæдзардарддæгтæ сты. Уæддæр сæ уынаффæ сæ зынаргъ фыдыфсымæрмæ хæссынц.

Газеткæсджытæй исчи зæгъдзæн, æмæ Серго хорзæй цы сарæзга, йæ хæс цы уыд, уый кодта, æндæр! Æмæ уæд уыцы хæс иннæтыл нæ вæййы? Ныртæккæ ахæмтæ ис, æмæ йæхиноны хорздзинад йæ зæрдæниз кæмæн у. Æрмæст йæхæдæг бацæра æппæтæй хуыздæр, бахæра дзаджджындæр. Ахæм адæймаг йæ кæстæрты дæр зыд æмæ кæрæфыл ахуыр кæны. Æмæ сæм уæд цæмæ æнхъæлмæ кæсæн ис? Серго та ма йæхи цыппар хъæбулимæ иоджы ну уыйбæрц йе 'фсымæры цоты барæвдыдта. Ныр ын ис аст кæстæры. Мæ зæрдæ дын зæгъы: сæ хурæй æфсæст у, дæ кад дын ноджы бæрзонддæр куыд сисой, Серго!

ТЕДЕТЫ Лизæ.

ЦÆТТÆ СТЫ ТАУЫНМÆ

Хъæдгæроны Кировы номыл колхозы механизатортæ рæвдз кусынц ацы бонты хъæздыг тыллæгæн бындур сæвæрыныл. Сæ хъуыддæгтæ уæлдай хуыздæр цæуынц Мсойты Таймуразы арендон бригады уæнгтæн. Картоф æмæ холладжы культуртæ тыд куы фесты, уæд минералон хъацæнтæй базылдыс ты мæнæу æмæ хъæбæрхоры хуымтæм. Æдæппæт сæм конд ис 900 гектары, æмæ дзырд радтой алкæцыйæ дæр тыллæг æппынкъаддæр 38 центнеры бафснайыныл.

Ацы аз сæм нартхоры хуымтæ бацахездзысты 900 гектары. Уыдонæй 500 гектары уыдзысты мыггагæн нартхор, иннæтæ та — югославаг. Цæмæй сæ хъæздыг тыллæг æрзайын кæной, уый тыххæй зæххытæ хора куыстгонд цæуынц. Уалдзæг куыддæр фæхъарм, афтæ сæ похцитæ баластой. æрцыдысты лæгъз. Ныртæккæ сæ культиваци кæнынц.

Ацы куыстыты сæхи фæзминагæй æвдисынц механизатортæ Хъулаты Дзаххотт, Дзанайты Зауыр æмæ Хъæсаты Валери. Алчидæр сæ йæ хæслæвæрд ахицæн кæны 130—140 процентæй. Бригады уæнгтæ сæ нартхоры хуымтæм зилгæйæ нал пайда кæндзысты гербицидтæй. Фаг сæм ис мæркусæн агрегаттæ. Уыимæ мæрмæ къаддæр бахастой минералон хъацæнтæ. Нартхор тыд фæуыдзысты 10—12 кусгæ бонмæ. Механизатортæ зæрдиагæй архайынц артаг æмæ сæрдæн æрмæг фæстауæрц кæныныл.

БЕТАНТЫ В.

ХÆРЗГÆНДЖЫТÆ

Ахæм æмбырд никуыма уыд Кæрдзыны. Хъæуы Культурæйы хæдзармæ æрæмбырд сты пенсиисджытæ. фæкасинаг хистæртæ. Ахæмтæ дзы ис цыппарыссæдзы. Æрæмбырд сæ кодта Хъæуы сæрдыгон Гуыбаты Хазби. Æмæ сæ ныффыссын кодта рабадын кодтой дзаджджын фынгты уæлхъус.

Хъæуы æвæрæсæг хистæртæн æххуыс кæнынц хæдзæртты. Социалон хайады ис дæс кусæджы. Уыдонæй алкæмæ дæр хауы рабадын кодтой дзаджджын фынгты уæлхъус.

Хъæуы æвæрæсæг хистæртæн æххуыс кæнынц хæдзæртты. Социалон хайады ис дæс кусæджы. Уыдонæй алкæмæ дæр хауы

Къаддæр хæрдзтимæ

Амæй размæ-иу нæм дыууæ быдыры куыстгæнæг бригады уыд. Кадртæ хъуаг нæ уыдысты, уæдæ сæм техникæ дæр фаг уыд. Фæлæ зæххытæ, куыд æмбæлы, афтæ куыстгонд нæ цыдысты. Уымæн æмæ бригæдты уæнгтæм бæрнондзинад'нæ уыд. 'Уымæ гæсгæ нæм гектар чысыл тыллæг læвæрдта. Фарон мыггагæй нартхоры гектар тыллæг радта 22 центнеры. Ноджы мæгуырдæр рауадысты нæ мæнæуы хуымтæ.

Ацы аз нæм арæзт æрцыд иунæг бригад, разамынд ын дæттын мæхæдæг. Раздæр совхозы сæйраг инженерæй куыстон. Фæлæ арендæмæ куы рахызтыстæм, уæд сфæнд кодтон бригадирæй бакусын. Зæххытæ нæм æдæппæт ис 1060 гектары. Амæй размæ сæ куыстой 19 механизаторы. Ныр арендæмæ куы рахызтыстæм, уæд ма дзы ныууагътам æрмæстдæр фараст, иннæты суæгъд кодтам. Хыгъд хæссыны куыст дæр мæхимæ райстон. Трактортæ æмæ нæм æндæр техникæйæ уæлдæй чи уыд, уыдон æндæр хæдзарæдтæн ауæй кодтам. Бригады уæнгтæ сæ 'ппæт дæр дæсны механизатортæ сты, хорз арæхсынц цыфæнды куыстытæм дæр.

Хæдзарады зæххытæ нæхимæ райстам фондз азы æмгъуыдмæ. Цы продукци сæ нсдзыстæм, уый хæдзарадæн уæй кæндзыстæм бадзырды æргътæм гæсгæ. Махæн нæ сæйрагдæр хæс у аслам æмæ бирæ продукци исын. Фидæны тыллæджы æрзадыл ныронг цы хæрдзтæ скодтам, уыдон бирæ не сты. Ныра уал ивæн хæйттæ нæма балхæдтам, нæ техникæмæ базылдыстæм, зæронд механизмтæй кæй феппæрстам, ахæм ивæн хæйттæй. Нæхимæ ис куырдадз, зырнæйзилæн станок, æмæ нæ цыдæриддæр бахъæуы, уый саразæм.

Ныртæккæ нæм æнæкъуылымпыйæ цæуынц быдыron куыстытæ. Цыбыр æмгъуыдтæм байтыдтам холладжы культуртæ, æдæппæт — 150 гектары. Уымæй уæлдай дыккаг тыд бакодтам, люцернæйы хуымтæ мæгуырау кæм равзæрдысты, уыцы зæххытæ. Хорз уавæры нæм сты хъæбæрхор æмæ мæнæуы хуымтæ. Ауадзæг куыддæр фæцъæх сты, афтæ сыл похцитæ ауагътам, сфæлмæн сæ кодтам. Уыцы-ну рæстæг сæм бахастам минералон хъацæнтæ. Ныртæккæ сæ уавæр куыд у, афтæмæй гектармæ æнхъæлмæ кæсæм æппынкъаддæр 35 центнермæ.

Ацы бонты нæ сæйрагдæр тыхтæ сарæзтам нартхоры куыстмæ. Мыггагæн дзы байтаудзыстæм 200 гектары. Зæхх ын рагацау хорз сфæлмæн кодтам. Куыддæр мæр фæхъарм уа, афтæ рæвдз февналдзыстæм таулынмæ. Таутæ нæм кæндзысты Тебетты Мервол, Хуадонты Слава æмæ Валери. Дæсны механизатортæ сты, нæ зæрдæ сыл тынг дарæм.

Хъуамæ нартхор тыд фæуæм дæс кусгæ бонмæ. Мыггаджы нартхорæй уæлдай нæм уыдзæн силосæн дæр. Байтаудзыстæм æй æхсынæн æмæ цъылинагимæ. Афтæмæй холладжы фылдæр уыдзæн урсæгтæ.

САКЪИТЫ Ю.,
Æрæфы районы совхоз «Æрæф»-ы арендон бригады бригадир.

ХÆРЗГÆНДЖЫТÆ

Ахæм æмбырд никуыма уыд Кæрдзыны. Хъæуы Культурæйы хæдзармæ æрæмбырд сты пенсиондзытæ, фæкæсинаг хистæртæ. Ахæмтæ дзы ис цыппарыссæдзы. Æрæмбырд сæ колта хъæуы социалон хайад. Иæ сæргълæууæг Быгъуылты Лизæ.

Æмбырды хистæртæн зæрдиаг арфæтæ ракодта фыццæрæм скъолайы директор Абайты Т. Æмбырды уæвджытæй ма сын цалдæрæй загътой зæрдиаг ныхæстæ. Уый фæстæ сын равдыстой хинхъæппæрисадон къордты концерт. Стæй сæ рабадын кодтой дзадзджын фынгты уæлхъус.

Хъæуы æвæрæссæг хистæртæн æххуыс кæнынц хæдзæртты. Социалон хайады ис дæс кусæджы. Уыдонæй алкæмæ дæр хауы дæс фæкæсинаджы. Алы бон дæр сæм бацæуынц æмæ сын сæ зæрдæтæ барухс кæнынц: æфснайынц сын сæ хæдзæрттæ, дуканиты сын райсынц хъæугæ товартæ.

Хъæуы хистæртæ стыр бузныг сты уыцы фæлмæнзæрдæ адæймæгтæй, сæ хæрзгæнджытæй.

Нæ уацхæссæг.

ФÆЛМÆН ХУЫМТÆ

Ногхъæуы Цæлыккаты Хъантемыры номыл колхозы механизатортæ хæдзардзинæй пайда кæнынц куыстæн бæзгæ алы сахатæй дæр. Уый руаджы цыбыр æмгъуыдтæм тыд фесты колладжы культуртæ æмæ картофь. Фæлмæн къæвдатæм хуымтæ цъæх-цъæхид адардтой. Хорз базылдысты фæзыгæндтæм æмæ ныридæгæн зæрдæ рухс кæны сæ уындæй.

Ацы бонты ногхъæуккаг механизатортæ зæхх цæттæ кæнынц нартхор тауынæн. Дыууæ хатты йæ баластой похцийæ, ныр та йæ культивацци кæнынц. Уыцы-ну рæстæг æм хæссынц минералон хъацæнтæ. Фыццаг бонтæй фæстæмæ сæ куыст уæлдай ахадгæдæр у механизатортæ Хъараты Олегæн, Кæлхидты Руслан æмæ Гуырцъыты Иванæн. Адон са хæслæвæрдтæ кæддæриддæр ахицæн кæнынц бирæ фылдæртæй.

Нæ уацхæссæг.



Фабрик «Цæгирхæдзарыдзаума»-йы æнтыстдзинæдтæ æфты Ælбегаты Роберты къухы. Уый кусы станокыл æмæ алыбон дæр йæ хæслæвæрдтæ ахицæн кæны дзæвгар фылдæртæй. Иæ конд продукци лæвæрд цæуы фыццаг бавдыстæй.

КЪАМЫ, ÆЛБЕГАТЫ Роберт.
Къам сты КЪÆБЫСТЫ Х.

«РÆСТДЗИНАД»-ы РЕЙДТÆ

БАКУСÆМ ГОРÆТЫ АИВДЗИНАДЫЛ

СКПК-йы Цæгат Ирыстоны обкомы бюро æмæ профоблсовы президиумы уынаффæмæ гæсгæ ацы аз 21 апрелы республикæйы куыстуæтты, организацияты æмæ кусæндæттæ В. И. Ленины райгуырды 120 азы кадæн арæзт цæуы зиу. Уыцы боныл куыд æмбæлынц нæ горæты цæрджытæ? Цы уавæрты сты нæ уынгтæ, сквертæ, парктæ? Адæм сæхæдæг сæ горæты кад куыд хъахъхъæнынц? Цы цæстæй кæсынц йæ аивдзинадмæ? Уыцы фарстатыл цæуы нысхас ацы æрмæджы.

Ирыстоны сæйраг горæт Орджоникидзе бахыст йæ æртыккаг æнусмæ. Сырæзыдысты йæ адæм, йæ куыстуæттæ, кусæндæттæ... Кæддæры хуырæй æмбæрзт фæндæттæ, уынгтæ æмбæрзт æрцыдысты асфальтæй. Нор микрорайонтæ æроид горæты сæ хъæбысы æрбакодтой. Цæр æмæ фæрнæй кус. горæтаг. ахуыр кæн, тырн ноджы рæсугъддæр фидæнмæ. Æцæг ма рох кæн, стырзæрдæ ма у, кæм райгуырдтæ æмæ абон кæм цæрыс, нæ уыцы горæты аивдзинадыл. Дæуæй. не 'ппæтæй аразгæ у нæ сæйраг горæты фæлгонцад. йæ сыгъдæгдзинад. Кæм цæрыс, кæм кусыс, кæм улæфыс — алы ран дæр у цæсгомгæнæг дæ горæтæн. Уæд нын æндæр рæттæй æрцæуæг уазджытæй афтæ зæгъæг нæ уыдзæн, уæ горæты кад нæ хъахъхъæнут. зæгъгæ.

Æрхъуыды кæнæм. 15—20 азы размæ горæт Орджоникидзе фæлгонцады æмæ санитарон уавæры сыхаг республикæты сæйраг горæты 'хсæн уæлахиздзау кæй уыд. Ныртæккæ та? Цæрджытæй бирæтæ сæхи афтæ дарынц, цыма цы уынджы кæнæ цы бирæуæладзыгон хæдзары цæрынц, уымы кæртыты. хæдзæртты алфамбылæйттæ сыгъдæгдзинадимæ сæ ницы хъуыддаг ис.

Мах, горæты уынгты зилгæйæ. бафиппайдтам хорз дæр. æвзæр дæр. Хорз хонæм сыгъдæг. аив уынгтæ, цæрджытæ æрмæст сæ къæсæртæ нæ, фæлæ сæ хæдзæртты алфамбылæйттæ дæр æрвылбон дзæбæх санитарон уавæры кæм дарынц. Ахæм уынгтæ сты: Ной Буачидзейы, Маркусы. Ватутины. Тамайы-фырты, Марковы, Коцойы-фырты. Орджоникидзейы, Хетæгкаты Къостайы, Димитровы. Тбилисы, Леоновы, Гугкайы- фырты æмæ æндæр уынгтæ. Ацы уынгты цæрджытæй бирæтæ сæ бæлæстæ чъырæй рацагътой, базылдысты дидинджыты газонтæм. Автотракторонэлектрон дзаумæтты. «Электроконтактор», «Бином», электрон цырæгъты заводты. цъындадзаумайы иугонды, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзах адон университеты, хæххон-металлургон институты, Тауаситы Сослæнбеджы номыл сывæллæтты аивадон училищейы алфамбылæйттæ сыгъдæг, къудзи бæлæстæ æмæ дидинджыты газонтæй сты фæлгонц.

Фæлæ æппæт уынгтæй раппæлæн нæй. Базилинаг сты Тургеневы. Ærыдоны, Земнуховы. Л. Шевцовайы, Леваневскийы, Гикалойы, Руставелийы. Калинины æмæ бирæ æндæр уынгтæ.

Цæмæдæр гæсгæ фæстаг рæстæг нæ горæты фæндæгты былтыл æрвылбондæр фиппайæн ис бырæтты цæндтæ. Мæрдджытæ сæ бамбырд кæнынц æмæ дзæвгар рæстæг æнæ ластæй лæууынц. Ахæм нывтæ бафиппайдтам, Леоновы æмæ Мæскуыйы уынгтæ кæм баиу вæййынц уым. Ам чысыл фалдæр Терчы былмæ хæстæг ис 161-æм дукани. Йæ фæскъулмæ равзæрд бырондон. йæ æнаивдзинадыл ын ауылты цæуджытæ сæ цæст æнæ æрæвзæргæ нæ фæвæййынц. Пожарскийы уынджы æфсæнвæндаджы сæрты цы хид ис. уымæн йæ фæйнæфарс къахвæндæгтæ сты чъизи. æрбады сыл рыг. стæй дзы къæвдайы фæстæ ацæуæн нал вæййы. машинæтæ фæйнæрдæм цъыф пырх кæнынц. Ацы уынджы суанг Чермены сосайы онг у чъизи. Бордюрты сæрты сыджыт кæлы машинæты фæндагмæ. Хур бон дзы рыг сысты, къæвда рæстæг та цъыф кæны. Пожарскийы уынджы æмæ Чермены соса фæндагыл цы промышленнон куыстуæттæ ис. уыдон сæ алфамбылæйттæ сыгъдæг нæ дарынц, нæ зилынц бæлæстæм. Ацы уайдзæф тынгдæр хауы 1-æм уæзæгтæласæн автотранспортон куыстуатмæ, механизацийы управленимæ, завод «Газоаппарат»-мæ æмæ иннæ куыстуæттæм. Ныронг бæлæстæ дæр чъырæй нæма рацагътой.

Худинаджы нывтæ бафиппайдтам фосуæйгæнæн базары хæдзæртты цур. Заммонай цъæх нæууыл фæзынд бырондон. Цынæхуызон арæзтадон æмæ цардыуаджы бырон дзы ис фенæн.

— Æз царын ардæм хæстæгдæр уынгтæй иуы — Седовы уынджы, — зæгъы Дзуццаты Иван. — Æгъдау æмæ æфсарм бирæ адæмтæм нал ис. изæрæй кæс. æмæ сæ быроны ведратимæ уайынц, æвдæлон сæ кæнынц фæндаджы былгæрæттæ. сæрды тæвд бонты ам бындз æмæ æвзæр тæфæй фæлæуæн нæ вæййы.

Быроны рæдзæгътæ фылдæрæй-фылдæр кæнынц. Чапаевы уынг æмæ æфсæнвæндаг кæм иу кæнынц, уым.

— Æнæзакъон бырондон у, — дзуры Чапаевы уынджы цæрæг. фæллойы æмæ хæсты ветеран Петр Филатов. — Ардæм хæстæг промышленнон куыстуæттæй автомашинæтæ æнæфсармæй ласынц арæзтадон æрмæг, нæ дзы цæрæнуæтты 7-æм эксплуатацион хайады кусджытæй. нæ милицейы инспекторы фендзынæ. æмæ æгæнонтæ æнæфсармæй æвидауц кæнынц уынг.

Уыцы рæстæг мах ауыдтам хæдæвдæлонгæнæн автомашинæ № 41-58 СЕЛ, йæ гуыффæйы арæзтадон бырон. Æркалынмæ йæ хъавыд, фæлæ йæ куы бафарстам, ам бырондон ис. зæгъгæ. уæд фæцæуæг. Гъе, афтæ. бон сихорафон, æнæфсармæй Чапаевы уынджы кæрон бырондоны цæндтæ бæрзонддæй-бæрзонддæр кæнынц. Ацы районы уынгты аивдзинадыл, æвæццæгæн, тыхсæг кæй нæй бынæттон кусæндæтты 'рдыгæй, уый тыххæй цæрджытæ сæхæдæг дæр сæ хæдзæртты алфамбылæйтты сыгъдæгдзинадмæ сæ цæст нал дарынц. Чапаевы уынгæй Интернационалон уынгыл нæ фæндаг ақодтам. Бирæ хæдзæртты цур №№ 63. 59, 57, 51, 49, 45, 35 — бырæтты цæндтæ.

— Бырæтты цæндтæ чи хъуамæ ласа, — фæрсæм 7-æм цæрæнуæтты эксплуатацион хайады хицау Тъехты Тамазы.

— Горæты сæрмагонд автохæдзарад. — дзуапп радта Тъехы-фырт. — Фæлæ уынгты сыгъдæгдзинадмæ мах дæр нæ цæст æнæдаргæ не стæм. сом —иннæбон уынгты иу ран дæр бырон нал уыдзæн, аласдзыстæм сæ.

Суворовы уынджы, 38-æм хæдзары цур цы дзыхъхъ къахт æрцыд, уырдæм калд цæуы бырон. Ацы ран уынг у æнæзылд, хъæуы йæ цалцæг кæнын. Цалцæггæнинаг у Курскы уынг дæр. Хи хæдзæрттæй бирæты алфамбылæйттæ чъизийы бын фесты, нæ зилынц сæ бæлæстæм. газонтæм. Бырæтты цæндтæ къорд раны бафиппайдтам Ростовы уынджы дæр. Ацы уынджы хæдзæртты номыртæн сæ фыст нал зыны. Зынæй ссарæн у æнæзонгæ адæймагæн адрисмæ гæсгæ хæдзар.

Горæтæн йæ қадгæнæг дæр. йæ рæсугъдгæнæг дæр. чи дзы цæры, уый у. Ирыхъæуы цæрджытæ зæронд горæтæн йæ рагондæр цæрджытæй сты. Ам уынгты зилгæйæ бафиппайдтам сыхты æнгомдзинад, сæ цæрæн бынæттыл аудындзинад. Ну хæдзары цур дæр нæ федтам быроны цæнд. Хæдзæртты къæсæртæ аив марзт, сыгъдæг. Фæлæ Ирыхъæуæй ахизгæйæ, æрæджы цы ног хæдзæрттæ арæзт æрцыд 1905-æм азы æмæ Тарскайы уынгты, уымыты фенæн ис æвидауц нывтæ. Амы цæрджытæ нæ хъахъхъæнынц нæ диссаджы Терчы былгæрæттæ. 51-æм афтæы цур автобусы æрлæууæнæй Терчы былгæрæттæм ақæс. уæд дзы фендзынæ фаджысы. цардыуаджы æмæ арæзтадон быроны цæндтæ. Чи сæ калы æмæ ласы? Кæй зæгъын æй хъæуы, горæты аивдзинадыл чи нæ тыхсы, æрдзæн знагад бакæныныл чи нæ ауæрды, уыцы æгæнонтæ. Тагъд ГЭС-ы къанау байдзаг уыдзæн быронæй. Стæм хæдзарæй фæстæмæ Тарскайы уынджы алы дуармæ дæр фенæн ис бырæттæ. Фондзуæладзыгон хæдзары цур, йæ номыр 41, æвæрд сты контейнертæ. Быронæй сæ хъуырæй ақалдысты. Кæд не 'мбæлы. уæддæр чидæр зынг бафтыдта контейнерты быроныл æмæ судзы. Судзынц бызгъуыртæ. консервы къоппытæ. стджытæ. зæронд асыччытæ. Ацы æвидауц нывмæ кæсгæйæ, æрцæуæн ис ахæм хатдзæгмæ. æмæ Тарскайы уынджы цæрджыты зæрдæ нæ риссы горæты сыгъдæгдзинадыл.

Нæ ауæрдынц горæт æвидауц кæныныл нæ ног микрорайонты цæрджытæ дæр. Мæскуыйы уынджы цæхæрадæттæ кæм фехæлдтой, уым сырæзыдысты бирæуæладзыгон хæдзæрттæ, сæ алфамбылæйтты та бафиппайæн ис арæзтадон быроны цæндтæ. Инæлар Дзусы-фырты æмæ Владикавказы уынгтæ кæм баиу сты, уым фæндæгты асфальт схауд. дзыхъхъыстæ доны малтæй байдзаг сты. Инæлар Дзусы-фырты 27 æмæ 23-æм хæдзæртты цур — бырæтты цæндтæ. Æмæ кæдæм нæ хæццæ кæны æгæнонты къух. Суанг ма Ахриевы уынджы трамвайты фæндаг кæм цæуы. уым дæр фенæн ис бырæтты рæдзæгъдтæ.

Æвидауц у Калоты Зауырбеджы уынг дæр. Гугкайы-фырты уынгæй ацы уынгмæ куы 'рбахизай. уæд фендзынæ егъау дзыхъхъытæ, къæвда рæстæг донæй байдзаг вæййынц æмæ, марадз, сæ сæрты ахиз. Чысыл уæлдæр, 5-æм арæзтадон управленийы цур, 7—8-æм трамвайтæ цы фæндагыл цæуынц. уым бырæтты цæнд. тынг æвидауц кæны Калойы-фырты уынг. Ардæм бырон æмбырд кæнынц амы цæрджытæ сæхæдæг. Куыстмæ цæугæйæ сæ къухты рахæссынц бырæтты дзæкъултæ æмæ сæ ам аппарынц. Уый тынг худинаджы ми у.

Контейнертæ сæ тæккæ дзаг быронæй. афтæмæй æнæластæй лæууынц Пожарскийы уынджы, 14-æм, Мæскуыйы уынджы. 11-æм, Н. Буачидзейы, 225-æм æмæ æндæр хæдзæртты кæртыты.

Базилинаг сты горæты сквертæ, парктæ. Зылдхъуаг у Тельмæны уынджы парк бæлæстæ хъæуы чъырæй рацæгъдын. сæ хус къалиуты æхсæдын. сæ бынтæ сын сфæлмæн кæнын. Афтæ Металлургты галуаны æмæ Сырхгвардионты парктæ дæр.

Уайдзæф бакæныны аккаг сты уынгмæрзджытæ. Уыдонæн сæ хæс у, адæм райсомæй куыстмæ куы нæма цæуой, афтæ сæ участоктæ мæрзын. Уыдон та хур куы стулы, уæд сцырен кæнынц сæ цъылынтæ æмæ адæмы сæрмæ сбады рыг, уæлдайдæр Сабырдзинады проспекты, Горькийы. Бутырины. Куйбышевы уынгты. Ацы хъуыддагмæ лæмбынæгдæр хъуамæ йæ цæст дара горæты сæрмагонд автохæдзарад.

Цæй æмæ, горæты цæрджытæ, зиуы бон æмхуызонæй базилæм нæ горæтмæ.

ПЛИТЫ И.,
фæллойы ветеран;
СОЗАНТЫ Л.,
æхсæнадон уацхæссæг;
ТЕПСЫХЪОТЫ З.,
«Рæстдзинад»-ы сæрмагонд уацхæссæг.

УЫДОН ÆРХАСТОЙ УÆЛАХИЗ

ХЕТÆГКАТЫ Георги

Æфсады инæлар Хетæгкаты Иваны фырт Георги (Габо) райгуырд 1903 азы 25 апрелы, Зæрæмæджы. Сæ хъæуы скъолайы бакаст цыппар къласы, стæй кусын райдыдта. 1919 азы бархийæ бацыд керменистты къордмæ æмæ архайдта урсгвардионты ныхмæ хæстыты. 1922 азы каст фæцис Пятигорскы фистæгæфсæддон курсытæ. 1926 азы та — Киевы хæстон скъола. Службæ кодта Дард Хурыскæсæны. Архайдта китайаг милитаристты ныхмæ хæстыты. 1938 азы каст фæци Хæстон артиллерион курсытæ æмæ йæ снысан кодтой полчъы артиллерийы хицауæй.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты корпусы артиллерийы стæй та æфсады штабы хицау уæвгæйæ, булкъон Хетæджы-фырт архайдта Мæскуы бахъахъхъæныныл тохты. Уæд ын лæвæрд æрцыд инæлар-майоры цин.

1945 азы 6 апрелы Георгийæн лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном, ссис инæлар-лейтенант, æмæ йæ снысан кодтой 29-æм гвардион æхсæр корпусы командирæй. Архайдта Берлины тохы.

ВАМСЫРАТЫ Хаджумар

1945 азы августы Хетæджы-фырт, 59-æм æхсæр корпусы командир уæвгæйæ, архайдта японаг самурайтимæ хæстыты, уæгъд кодта Маньчжуры æмæ Цæгат Корейы горæттæ. 1949 азы каст фæцис Хæстон академийы Уæлдæр курсытæ, командæ кодта æфсæдты Цæгатæ-

ты Джиоры фырт Хаджумар райгуырд 1903 азы Олгинскæйы. 1918 азы барвæндонæй бацыд Сырх Æфсады рæнхъытæм. Архайдта граждайнаг хæсты. 1924 азы каст фæцис хæстон-политикон скъола. Уыдис партион-политикон куысты, команды кодта Сырх Æфсады хæйттæн. 1937—1938 азты Испанийы тох кодта фашистон змæнтджыты ныхмæ, Майор Мамсыры-фырт, булкъон Ксантийы номæй архайдта Мадрид бахъахъхъæныныл, франкисты чъылдыммæ парахат кодта партизанты змæлд, разамынд лæвæрдта республиконты разведкæйы куыстæн.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайдта Ленинграды, Хуссар-Ныгуылæн, Воронежы æмæ Украинаг фыццаг фронтты. Куыста партизанон змæлд рапарахат кæныныл.

Фыццаг Украинаг фронты 2-æм гвардион бæхджын дивизийы командир уæвгæйæ, фесгуыхт Берлин байсыныл тохты. Дрездены 'рдæм бырсгæйæ, инæлар-майор Мамсыры-фырты дивизи стыр зиантæ скодта фашисттæн. Знаджы чъылдымы архайгæйæ, сусæгъд кодта дыууæ концентрацион лагеры. Уым уыдис 15650 уацайраджы æмæ ахст адæм.

Советон Цæдисы Хъæбатыры ном саккаг кодтой Мамсыры-фыртæн 1945 азы 24 майы. Хæсты фронтон каст фæцис Генералон штабы Æфсæддон академи. Команды кодта дивизийæн, корпусæн, æфсадæн.

1957 азæй фæстæмæ куыста Генералон штабы бæрнон бынаты. 1962 азы ссис инæлар-булкъон. Партийы рæнхъытæм бацыд 1924 азы. Разæнгардæй архайдта

Авиацийы инæлар-майор Дзусаты Мæхæмæты фырт Ибрагим райгуырд 1905 азы 16 мартъийы, Заманхъулы.

Советон Æфсады рæнхъытæм бацыд 1924 азы. Бакаст Краснодары хæххон нациты хæстон барджыты скъолайы. Уый фæстæ ахуыр кодта Оренбурджы хæстон тæхджыты скъолайы, Борисоглебскы тæхджыты скъолайы. 30-æм азты уыдис звенойы командир, бригады штурман, авиацион полчъы командир.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фронтты 1942 азы уæлдæфон хæстыты архайдта Хъырымы, Кавказы сæрмæ, 45-æм гвардион авиацион полчъы командир уæвгæйæ, знагæй хъахъхъæдта йæ райгуырæн Ирыстон. 1943 азы дæлбулкъон Дзусыфырты снысан кодтой 9-æм гвардион истребителон дивизийы командирæй. Йæ тæхджытæ фашистты дæрæн кодтой Кубаны, Хуссар Украинæйы, Хъырымы. Ацы дивизийы сырæзтысты номдзыд тæхджытæ А. И. Покрышкин, æфсымæртæ Глинкатæ, Г. А. Речкалов...

1944 азы майы Ибрагим ссис 16-æм уæлдæфон æфсады 6-æм гвардион истребителон корпусы командир. Корпус архайдта Берлины сæрмæ карз уæлдæфон хæстыты.

1945 азы маймæ, инæлармайор Дзусы-фырт командир кæмæн уыдис, уыцы авиацион хæйттæ æдæппæт уæлдæфон хæстыты æрæппæрстой знаджы 332 хæдтæхæджы. Йæхæдæг дзы æрæппæрста æхсæз. 1945 азы 29 майы Дзусаты Ибрагимæн саккаг кодтой Со-

Инди: ног тæлмæнтæ

(Кæрон. Райдайæн 75 номыры).

Иу афон Пуроби махæй хатыр бацагуырдта, ацыд хæдзары уæллаг фахсмæ æмæ дзы рахаста чингуыты æргъом. Иууылдæр Къостайы уацмыстæ æмæ поэты тыххæй иртасæн куыстытæ, Хæдарцаты Азæ, Кравченко Георгий, Корзун Виктор, Цæгæраты Максимы фыстытæ... Стыр дисы бацыдтæн, нæ республикон газет «Социалистическая Осетия»-йæ лыггæртæ мын мæ разы куы æрæвæрдта, уæд. Æмæ дис дæр куыд нæ фæкодтаин? Индийы скæсæйнаг штаты егъау сахары иу арфæвæрд хæдзары ирон уарзон хъæбулы тыххæй уый бæрц алыхуызон чингуытæ уæд...

Пуроби Ройы цардвæндагджы тыххæй æндæр хатт бæстон æрдзурдзыстæм, фæлæ уал ныр газеткæсджытæн цалдæр ныхасы уæддæр зæгъæм.

Пуроби уырыссагау дзуры иттæг хорз. Уарзы уырыссаг æмæ иннæ советон адæмты литературæ. Йæ хæдзар у индиаг-советон хæлардзинады артдзæст. Кусы Калькуттæйы университеты дæр, газеттæ æмæ йын журналтæ йæ уацмыстæ мыхуыр кæнынц æвæрсиатæй.

Æз ын радзырдтон, Къостайы райгуырды 130 азы юбилей куыд конд æрцыд, уый тыххæй. Ноджы йын фехъусын кодтон, тамилаг поэт Мохамед Шериф Къостайы уацмыстæ йæ мадæлон æвзагмæ кæй ратæлмац кодта æмæ сæ хицæн чингытæй кæй рауагъта, уыдæттæ. Уый размæ Къостайы чиныг Варьям Негийы тæлмацгондæй хиндийыл кæй рацыд, уый Пуроби зыдта.

— Ныр та ныхас дæуæ хауы, — балхынцъ. кодтон мæ ныхас. — Ныр та бенгалиаг æвзагыл хъуамæ сдзура Къоста... Рабиндранат Тагоры 'взагыл. Дæ куыст кæронмæ куы ахæццæ кæнис...

'Пуроби сагъæсхуызæй бафарста:

— Уый бæрц мыл уæ зæрдæ дарут?

— О.

Мах иннæ бон профессор Сукумар Сенгей куы раздæхтыстæм, уæд Пуробийы йæ кæртмæ баластам æмæ кæрæдзийæн хæрзбон загъта там. Хæдзармæ бацæуæны асинтыл лæууæлæ баззад, мах та фысымуатмæ атыдзыдтам. Уыцы сахат цæуыл хъуыды кодта, уый зæгъын мæ бон нæу, фæлæ йæ сурæт мæ цæстытыл арæх ауайы æмæ мæ фидарæй уырны: Пуроби Къостайы чингуытæ æмæ Къостайы сфæлдыстадыл фыст уацмыстæ хæдзары уæллаг фахсмæ рæхджы нал ахæсдзæн.

МАНОРАМÆЙЫ ЧИНГУЫТÆ

Афæдзцухæй, фæззæджы, Мæскуыйы вæййы чингуыты æппæтдунеон армукъа. Уыцы афон райсын мæ отпуск æмæ ацæуын армукъамæ. Фарон фæззæджы дæр афтæ бакодтон.

Æппæты фыццаг бабæрæг кодтон Индийы чингуыты павильонтæ. Ам мын цалдæр хорз зонгæйы ис, уыдонимæ, Къостайы уацмыстæ чи рауагъта. уыцы чингуадзæнты хицæуттæ дæр.

Мæнæ мæ зонгæ рауагъдад «Фрэнк»-ы павильон. Уайтагъд уæллаг тæрхæгыл мæ цæст ацахста Индирæ Гандийы ныв: йæ хистæр лæппу Радживы йе 'ккой скодта æмæ чиныгкæсæгмæ мидбылхудæгау кæны. «Индирæ Приадаршини». Автор — Манорамæ Джафа. «Ахæм чингуытæ дæр фыссыс?» — ахъуыды кодтон чиныгмæ кæсгæйæ.

Рафæлдæхтон рæсугъд фæлгоцгонд чиныг æмæ мæ зæрдæмæ фæцыд.

— Ацы чиныг тæлмацмæ хауы? — бафарстон рауагъдады кусæг шри Кишор Шармайы.

Цæвиттон, чиныг ирон æвзагыл куы рацæуид, уæд уый нæ сабитæн æхсызгон лæвар уаид æмæ баныхас кодтам советон кусджытимæ, индиаг рауагъдадимæ. Кишорæн уыцы хабар тынг æхсызгон уыдис.

— Октябры кæрон цæудзынæн Индимæ æмæ Манорамæимæ куы фембæлин, уæд хорз уаид.

— Æз ын фехъусын кæндзынæн, зæрдæ бавæрдта Кишор. — Мах дæм æнхъæлмæ кæсдзыстæм...

Манорамæйæн англисаг æвзагыл бирæ фыстытæ рацыд. Æдæппæт сывæллæттæн ныффыста 20 чиныджы æмæ 500 радзырдæй фылдæр. Уыдонæй бирæтæ æндæр æвзæгтæм тæлмацгонд æрцыдысты æмæ сæ стыр цымыдисæй кæсынц æппæт дунейы. Зæгъæм, 1967 азы рацыд йæ чиныг «Хæрæг хидыл куыд лæууыд» æмæ уайтагъд нымад æрцыд сывæллæтты уарзон чиныгыл. Кæй зæгъын æй хъæуы, чиныгуадзæн дæр дзы стыр æхцатæ бакуыста. «Тæхæг сыкъафындз», «Бæлæттæм зилджытæ», «Хирæ» (уый пылы лæппыны ном у), «Тыртынатæ», «Зари» (уый гæдыйы ном у), «Зайæгойтæ—сахæттæ» æмæ æндæр уацмыстæ арф ныххызтысты сабиты зæрдæтæм.

Фæлæ Манорамæ Джафайы тыххæй фысгæйæ æрмæст йæ чингуыты æмæ радзырдты кой куы кæнæм, уæд уый фаг нæ уыдзæн. Индийы культурон царды уый бацахста стыр бынат йæ ахадгæ æхсæнадон куыстыты фæрцы. Зæгъæм, 1977 азы Манорамæ йæ алыварс æрбамбырд кодта, сывæллæттæн чи фыссы, уыцы авторты. Сразæнгард сæ кодта, арæзта сæ сфæлдыстадон фæндагыл, æмæ ныр уыдонæй цалдæр тынг хорз уацмыстæ фыссынц сывæллæттæн.

Фæстаг азты Манорамæ стыр куыст кæны дунеон организациты, уыдонимæ ЮНЕСКО-йы проекттыл дæр. Фæстаг азты ахæм фæсивæдыл аудæг дунеон æмбырд нæ уыд, Манорамæ кæм нæ уыдис.

«Фыссæг æмæ нывгæнæг» — афтæ хуыйны, Манорамæ Джафа редактор кæмæн у, уыцы делиаг журнал. Редакцийы кусджытæ иттæг æнувыдæй кусынц фысджыты æмæ нывгæнджыты аивадон культурæ фæбæрзондджæр кæныныл. Фарон Италийы уыдис дунеон армукъа, кæцымæ Инди арвыста 270 алыхуызон чиныджы, уыдонимæ уыдысты Манорамæйы уацмыстæ дæр. Армукъайы жюри стыр аргъ скодта индиæгты куыстытæн, уыдонимæ 15 нывгæнæджы куыстæн. Фæстаг дæнцæг уымæй цымыдисаг у, æмæ уыцы армукъайы индиаг нывгæнджытæ фыццаг хатт æрæвæрдтой сæ нывтæ.

Æппæт уыцы æнтыстдзинæдты нс Манорамæ Джафайы хъомыс дæр.

Сывæллæттæн фыссын... Цымæ уымæй арфæйагдæр хъуыддаг цы нс?

«Сывæллæттæн фыссын»... Ахæм сæргондимæ рацыд Манорамæйы чиныг хæрз æрæджы. Ам автор лæмбынæг æрныхас кодта литературæйы ацы жанры хицæндзинæдтыл, фыссæджы дæсныйадыл.

ФЕМБÆЛДЫСТÆМ

Телефонæй баныхас кодтам, райсом 3 сахатыл фембæлдыстæм, зæгъгæ.

Делийы рæстæг тынг зынаргъ у. Æмæ мах Пархоменкомæ фыццаг профессор Варьям Неги Сингхмæ ацыдыстæм, стæй цасдæры фæстæ та—Манорамæмæ.

Хицæн коттеджты рæнхъæвæрд. Иу ран æртæ лæджы ныхасгæнгæ федтам, æмæ сæ бафарстам хæдзары номыр æй.

Нæ йæ зыдтой.

— Агургæ та кæй кæнут? — бафарста сæ иу.

— Фыссæг шримати Манорамæ Джафайы, — дзуапп радтон æз.

— А-а, уый уæлæ уым цæры, кæройнаг хæдзары.

Дуар гом уыдис æмæ нæ машинæ сындæггай кæртмæ батылд. Нæ размæ рацыд Манорамæ йæхæдæг. Иæ къаммæ гæсгæ йæ базыдтон.

Мидæмæ нæ бакодта. Рахастой нын цай æмæ къофи.

— Уæ зæрдæ цы зæгъы?

Мах Валентинимæ кæрæдзимæ бакастыстæм.

— Индийы индиаг цай.

Манорамæ тынг бацин кодта йæ уазджытыл. Иуцасдæры фæстæ нæ ныхас чиныгмæ рахыз т. Манорамæ сыстад æмæ фæрсаг уатмæ ацыд. Рахаста мын цалдæр чиныджы, уыдонимæ «Индирæ Приадаршини» дæр. Лæвар мын æй кодта. фæлæ æз æргомæй загътон:

— Ацы чиныг мæнмæ ис нæхимæ. «Фрэнк»-ы лæвар.

— Афтæ мæм кæсы, цыма ирон сывæллæтты зæрдæмæ тынг фæцæудзæн.

Уалынмæ уатмæ æрбацыд, саджы фисынтыл амад, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, ахæм бæрзонд æмæ хæрзконд лæг.

— Мистер Джафа, — загъта Манорамæ.

Цадæггай нæ ныхас æндæр темæтæм азылд.

Фидæны чиныгыл дзургæйæ, æз бацагуырдтон Манорамæйы къам æмæ, кæд амал ис, уæд «авторы ныхас ирон сывæллæттæм».

Иннæ бон мæм фысымуат «Хъутаб»-мæ æрбахастой дыууæ къонверты. Сæ иуы уыдис ширмати Манорамæ Джафайы ныхас ирон чиныгкæсджытæм, иннæйы та — йæ фыстæг æмæ къам.

Бузныг, Манорамæ!

О, фæлæ йын йæ номы тыххæй дыууæ ныхасы куы нæ зæгъæм, уæд уый раст нæ уыдзæн.

Цæвиттон, рагон индиаг кадджытæм рæсгæ хæхты бардуаг Химаванæн йæ бинойнаг уыдис ус-хуыцау Манорамæ. Эпикон цикл «Рамаянæ»-йы уыдоны тыххæй бæстон ныхас цæуы. Химаванæмæ Манорамæйæн уыдис дыууæ чъыджы — Гангæ æмæ Умæ, Хистæры йæ фыд арвыста уæлæрвтæм, кæстæры та бауарзта æртæцæстон хуыцау Шивæ æмæ сæ цард бану кодтой.

Санскриты дзырд манорамæ амоны «цинхæссæг», «рæсугъд». Индиæгтæ ацы ном бирæ уарзынц. Уыдонæй бирæты уырны, абон сæ зæхххыл цы Гангæ-цæугæдон кæлы, уый уæлæрвтæй Шивæйы фæрцы кæй æрхызт. Гангæ нымад у хуыцауы лæварыл: уый фарн дæр хæссы æмæ тæригъæдтæ дæр сыгъдæг кæны. Уымæ гæсгæ стыр бæрæгбæтты милуангай адæмтæ сæ арфæйы ныхас æрвитынц Химаван æмæ Манорамæмæ, стæй кæй зæгъын æй хъæуы, Шивæмæ дæр.

Кадæг кадæг у, фæлæ рагон сыгъдæг ном абоны бон дæр цæры Æвиллон Бæстæйы. Ацы рæсугъд ном кад æмæ радзæй хæссы, йæ курдиаты цæхæрæй милуангай сывæллæтты чи тавы, уыцы номдзыд фыссæг Манорамæ Джафа дæр.

ÆВДУЗÆНЫ НЫХАС

Ацы фæстаг уацæн йæ кæроны стъалф раджы сæвæрдтон, фæлæ афоныл газетмæ бахæццæ. Уый та уымæн, æмæ фæд-фæдыл цалдæр фыстæджы райстон Индийæ: Пуроби Ройæ, Субхадрæ Кума Сенгей (ацы ахуыргонд ма æрбарвыста ну уац æмæ йæ ам рауадздзыстæм), Александр Шурыгинæй, Валентин Пархоменкойæ, Сукумар Сенгей.. Адонæй алкæцы дæр сæрмагонд ныхасы аккаг у, фæлæ ахæм амал нæй, æмæ уал хæрз цыбыр информаци ратдзыстæм.

Пуроби Рой Къостайы уацмыстæ бенгалиаг æвзагмæ тæлмацгонд фæци. Чиныджы къухфыст нс чингуадзæны æмæ, профессор П. Рой куыд фыссы, афтæмæй ацы уалдзæджы хъуамæ джипы ацæуа. Ноджыдæр ма ну чиныг — «Ирон поэзийы антологи» — сцæттæ æмæ уый дæр ацы аз хиндийыл рацæудзæн. Раздæр куыд фыстон, афтæмæй тæлмацгæнæг у профессор Варьям Неги Сингх.

Ныхас цæуы «Нарты кадджытæ» хиндийыл рауадзын, наукон-техникон бастдзинæдтæ æмæ æндæртыл.

Нудадзыг рæзынц, бирæвæрсыгдæр кæнынц нæ дыууæ бæстæйы 'хсæн культурон бастдзинæдтæ. Уыцы хъуыддагмæ йæ халы хай хæссы Советон-индиаг хæлардзинады æхсæнады нæ республикон хайад дæр.

ГУЫРИАТЫ Тамерлай,
профессор, СИХÆ-йы республикон хайады сæрдар.

1945 азы 6 апрелы Георгийæн лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном, ссис шæлар-лейтенант, æмæ йæ снысан кодтой 29-æм гвардион æхсæг корпусы командирæй. Архайдта Берлины тохы.

1945 азы августы Хетæджы-фырт, 59-æм æхсæг корпусы командир уæвгæйæ, архайдта японаг самурайтимæ хæстыты, уæгъд кодта Маньчжуры æмæ Цæгат Корейы горæттæ. 1949 азы каст фæцис Хæстон академийы Уæлдæр курсытæ, командæ кодта æфсæдты Цæгатаг къордæн, Прибалтикæйы Хæстон зылды æфсæдтæн, уыдис ССР Цæдисы Хъахъхъæнынады министрады Генералон инспекторты къорды.

Йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй йын лæвæрд æрцыд Ленины æртæ ордены, Октябры революцийы орден, Сырх Тырысайы фонда ордены, Суворовы, Кутузовы ордентæ, фæсарæйнаг паддзахæдты хæрзиуджытæ.

Инæлар-булкъон Мамсыраты Хаджумар амард 1968 азы. Горæттæ Орджоникидзе æмæ Грозныйы йæ номыл ис уынгтæ.

1945 азы майы Ибрагимов ссис 16-æм уæлдæфон æфсады 6-æм гвардион истребителон корпусы командир, Корпус архайдта Берлины сæрмæ кара уæлдæфон хæстыты.

1945 азы маймæ, инæлармайор Дзусы-фырт командир кæмæн уыдис, уыцы авиацион хæйттæ æдæппæт уæлдæфон хæстыты æрæпперстой знаджы 332 хæдтæхæджы. Иæхæдæг дзы æрæппæрста æхсæз. 1945 азы 29 майы Дзусаты Ибрагимæн саккаг кодтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Хæсты фæстæ сахуыр кодта Генералон штабы академийы. Команды кодта авиацион хæйттæн.

Йе сгуыхтдзинæдты тыххæй йын лæвæрд æрцыд Ленины æртæ ордены, Сырх Тырысайы æртæ ордены, Кутузовы дыууæ ордены, фæсарæйнаг хæрзиуджытæ.

Дзусы-фырт амард 1980 азы. Йе ном хæссы горæты авиацион-спортивон клуб, уынг горæт Орджоникидзейы.

Ацы æмбырдгæнæн президиумы æгъдауæй Ленины æртæ ордены, Сырх Тырысайы æртæ ордены, Кутузовы дыууæ ордены, Суворовы æртæ ордены, Сырх Тырысайы фонда ордены, Хетæджы-фырт Дзусы-фырты ном æмæ Ленины æртæ ордены, Октябры революцийы орден, Сырх Тырысайы фонда ордены, Суворовы, Кутузовы ордентæ, фæсарæйнаг паддзахæдты хæрзиуджытæ, Мамсыраты Хаджумар амард 1968 азы, Горæттæ Орджоникидзе æмæ Грозныйы йæ номыл ис уынгтæ, Инæлар-булкъон Мамсыраты ном кæй хæссы, уыдонæй Никуы йæ фегад кодтой æмæ дарддæр дæр цæттæ сты уыцы номы аккаг уæвынмæ. Уыцы номы аккаг та уыдысты æрмæстдæр уæд, йæ фæдзæхстытæ сæххæст кæнынмæ æмхуызонæй куы тырной, сæ фæллойы æнтыстытæ зæрдæйы фæндыгар куы уой, уæд.

— Фæллойы æнтыстыты кой кæныс, Къоста, æмæ ма цыбыртæй радзур, фондзæзоны цыппæрæм аз æмæ ацы азы фыццаг æртæ мæйы

АХУЫРГÆНÆГ ÆМÆ ХÆСТОН

Ирыстонæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Райгуырæн бæстæ знæгтæй бахъахъхъæныл карз æмæ удуæлдай тох чи кодта, æхсар æмæ лæгдинад чи равдыста, уыдонæй иу уыдис педагог Гецаты Майрæм Ахмæты фырт.

Райгуырд хæххон хъæу Махческы. Иæ фыд Ахмæт уыдис мæгуыр зæхкусæг лæг. Куыста æхсæвæй-бонæй, цæмæй йæ бирæ бинонты (авд сывæллоны) фæдардтаид. Куыстой сывæллæттæ дæр. Иæ хистæр æфсымæрты фарсмæ-иу хосгæрсты, хуымгæнæн рæстæг уыдис æвзонг Майрæм дæр. Фæцайдагъ сабийæ фæллой кæныныл. Уыдис куыстуарзон æмæ зæрдæргъæвд.

Дыууадæс азы йыл куы сæххæст, уæд ахуыр кæнынмæ бацыд Махческы райдайæн скъоламæ, уый фæстæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæцис Фæснæлы астæон скъола æмæ йæ Дигорамæ арвыстой ахуыргæнджыты æртæмæйон курсытæм. Куыста Толдзгуыны райдайæн скъолайы ахуыргæнæгæй. Фæлæ Майрæмы æвзонг зæрдæ тыриыдта зонындзинæдтæ фылдæр райсынмæ, дардæры ахуырмæ. Æмæ 1933 азы ахуыр кæнынмæ бацыд врон педагогон техникуммæ. Ам зæрдиагæй архайдта æхсæнадон царды, уыдис фæскомцæдисон комитеты секретарь. Иæ хорз ахуыры тыххæй, стæй техникумы царды разæнгардæй кæй архайдта, уый тыххæй йын цалдæр хатты лæвæрд æрцыд Кады грамотæ æмæ æхцайы преми.

1936 азы техникум иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæуыны фæстæ ахуыр кæнынмæ бацыд Цæгат Ирыстоны педагогон институтмæ. Каст æй фæуыны фæстæ иу афæдз акуыста Махческы районы адæмон ахуырады хайады сæргълæууæгæй.

1941 азы уалдзæджы Майрæммæ фæсидтысты Советон Æфсады рæнхъытæм. Уыдис 121-æм танкты бригады хæстон. Анвгъуыдта уалдзæг. Ралæууыд сæрд. Хъугæмттæ æмæ фæстæ алыхуызон дидинджытæй систы гауызты хуызæн. Цънуты æхцон зарæг æмæ хъæды сабырдзинад Майрæмæн мысын кодтой хохаг райгуырæн къæс, бинонты, хæстæджыты. Æмæ ничи уыдис æнхъæл, æрдзы æмæ адæмы сабырдзинад 1941 азы 22 июны сæумæрайсом фашистон Герман фехалдзæнис, уый. Ничи уыдис æнхъæл, кæй райдайдзæн, дзыллæты истори кæй нæма зыдта, ахæм тугкалæн хæст.

Майрæм æмæ йæ хæстон æмбæлттæ бахаудтой хæсты тымыгъы. Архайдтой Хуссар фронты карз тохы. Махческат ахуыргæнæг нысангонд æрцыд танчы командирæй. Æмæ бæрнонæй æххæст кодта йæ хæстон хæслæвæрдтæ. Иæ хæстонтимæ дæс хатты архайдта æппæты карздæр тохты. Ныдæрæн кодта знæгты техникæ, ныццагъта сæдæгай фашистон салдæттæ æмæ афицертæ. Майрæмы уырныдта, знаг дæрæнгонд кæй æрцæудзæнис, уый æмæ-иу хъæмæ йæ фыстæджыты æвдыста уыцы хъуыды æмæ ныфс.

Бирæ етъау тохты архайдта Майрæм. Уыдис бирæ ныббырстыты. Сталинграды тохты рæстæг, атакæйы цæугæйæ, знаджы нæмыг сæмбæлд. Майрæм æмæ йе 'мбæлттæ цы танчы бадтысты, уыл. Танк ссыгъд. Тыхамæлттæй судзгæ танкæй райстой Майрæмы æмæ йе 'мбæлтты. Майрæм фæцис уæззау цæф. Удмидæг ма уыдис, афтæмæй йæ аластой Красноярскы госпиталмæ. Дохтыртæ бирæ фæтох кодтой йæ ферхæзын кæныныл. Æмæ ферхæзт. Фæуæлахиз æрыгон туг, æрыгон буар. Фæлæ хæстæн нал сбæзыд. Æрыгонæй ссис инвалид. Аст мæйы госпиталы фæхуыссыны фæстæ ссыдис Ирыстонмæ. Иæ риуыл тæмæнтæ калдтой Фыдыбæстæйы хæсты фыццаг къæпхæны орден æмæ цалдæр хæстон майданы. Иæ цæфты хъæдгæмттæ æххæст нæ байгас сты, афтæмæй кусын райдыдта уæды Махческы районы адæмон ахуырады сæргълæууæгæй. Майрæм йе 'ргом фыццагдæр аздæхта ног скъолаты арæзтадмæ. Уыцы уæззау уавæрты йæ разамындæй скъолатæ арæзт æрцыд хæххон хъæутæ Стыр Дыгуры, Дзинагъайы, Доныфарсы, Задалескы, Нары, Æхсæуы æмæ æндæр рæтты. Иннæ скъолаты агъуыстытæ та бындуронæй æрцыдысты цалдæггонд. Майрæм зæрдиагæй архайдта ахуыргæнджыты зонындзинæдтæ фылдæр кæныныл.

1956 азы, Махческы æмæ Æрæфы районтæ куы баиу сты, уæд Майрæмы снысан кодтой районы ахуырады хайады скъолаты инспекторæй. Акуыста дзы ну афæдз. 1957 азы Майрæмы сæвæрдтой Мацутайы астæуккаг скъолайы директорæй. Иæ арфæйаг фæллойы тыххæй йæ УСФСР-йы Адæмон ахуырады министрад схорзæхджын кодта «Адæмон ахуырады отличник»-ы рæуыллдаргæ нысанæй. Фæстæдæр ын лæвæрд æрцыд кадджын ном «Цæгат Ирыстоны АССР-йы скъолаты сгуыхт ахуыргæнæг».

1960—1964 азты Майрæм куыста Æрæфы районы Калинины номыл колхозы. Уыдис парткомы секретарь, фæстæдæр та сæрдар. Пенсимæ куы рацыд, уæд Махческы скъолайы æмæ районы разамонджыты фæндонмæ гæсгæ кусын райдыдта Махческы астæон скъолайы. Æмæ йæ царды фæстаг бонтæм куыста уым.

Майрæм уыдис дзырддзæугæ хистæр. Иæ цот дæр рауадысты йæхи хуызæн уæздан æмæ зæрдæхæлар, куыстуарзон. Фесты уæлдæр ахуыргæнæндæттæ. Кусынц алы рæтты. Хæсты ностæ æмæ хъæдгæмттæ Майрæмы цух нæ уагътой, æруатон-ну æй кодтой арæх. Амард 1983 азы. Фæлæ æхсарджын хæстон æмæ рухстауæджы ном нæ рох кæны йæ бирæ ахуыргæнинæгтæй æмæ хæстон æмгæрттæй.

ГАДЗИАТЫ Фузæ,
Цæгат Ирыстоны музейты нугонды наукон кусæг.

Лæгдзинады куырдадз

ССР Цæдисы Мидхъуыддæгты министрады æфсæдтæн сæ фыццаг къордтæ арæзт æрцыдысты В. И. Ленины хъæппæрисæй æмæ баст уыдысты бæстæйы æгъдау æмæ фæтк хъахъхъæнынимæ.

Ацы æфсæдты историйы баззадысты бирæ номдзыд æмæ хъæбатыр комиссарты нæмттæ, уыдоннимæ сты И. Батраков, И. Бек-Бык, С. Волошкевич, К. Мехоношин, Г. Соболевский æмæ æндæртæ.

Кавказы цы карз хæстытæ уыдис, уыдонæй ну тохы рæстæг политикон хайады хицауы хæдивæг Аркадий Клямашевский йæ риуæй сæхгæдта комиссары знаджы автоматы нæмгуытæй.

Ацы историон фактæ нрдæй æвдыст цæуынц Орджоникидзейы С. М. Кировы номыл æфсæддон училищейы музейы. Ам ма ис, училищейы ахуыргæнинæгтæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фесгуыхт, уыдоны тыххæй зонинæгтæ, экспонаттæ, стæй Афганистаны йæ интернационалон хæс чи æххæст кодта, уыдоны тыххæй альбом, къамтæ æмæ æндæр документтæ.

НÆ УАЦХÆССÆГ

ЦÆХÆРЦÆСТ ФÆЛЛАДУАДЗÆН БЫНАТЫ

ЦЫМÆ КÆЙ АХХОСÆЙ?

Раст куы зæгъон, уæд мын мæ фæллад суадзынæн арæх фадат нæ вæййы. Бахъæуы мæ хъуыддæгты фæдыл куы иухæрдæм, куы иннæрдæм ауайын. Зæгъæм, ну ран нал кусы радио, иннæ ран адæм донхъуаг æййафынц, арæх сæм нæ вæййы электрон рухс, кæм та автобусты æвзæр куысты аххосæй горæтты æмæ хъæуты цæрджытæ зындзинæдтæ æййафынц. Æмæ уыдонæй алчидæр йæ хъаст мæнмæ хæссы. Афтæ мæ ма бамбарут, ома, мæнæ Цæхæрцæст адæмы хъæстытæй сфæлмæцыд æмæ йæ сæр йæ кой фæцис. Нæ, уый афтæ нæу. Мæнæн æхсызгон у, цæрджытæ сæ зæрдæ мæныл кæй дарынц, мæнмæ кæй цæуынц сæ хъуыдытæ æмæ фæндтæ зæгъынмæ. Цæмæй адæмæн баххуыс кæнон, уый тыххæй мæ арæх бахъæуы сабаты дæр, хуыцаубоны дæр газеткæсджыты курдиæттæ алыг кæныны фæдыл æрзилын.

Фæлæ нубон сабаты диссаджы хорз бон скодта. Хуры хъармæй райхъал ис æрдз, хуры тынтæй сæхи сивæзтой кæрдæг, хъæды дидинджытæ, æндæр зайæгойтæ. Æмæ уæд мæхицæн фидарæй загътон: «Абон, Цæхæрцæст, цы фæнды куы æрцæуа, уæддæр дын дæ фæллад æнæ суадзгæ нæй». Бабадтæн мæ хæдтулгæйы æмæ цингæнгæ фæраст дæн æрдзы хъæбысмæ. Куыд сыгъдæг у сæумæрайсомы уæлдæф! Куыд æхсызгонæй дзы сулæфы йæ риуы дзаг адæймаг...

Мæскуыйы уынгæй Доваторы уынгмæ куы фездæхтæн, уæд мæ улæфæнтæ æвишайды ахгæдтой цыдæр æнахуыр тæфæй. Уый суанг ардæм дæр æрбахæццæ вæййы дзидзайы-стджыты 'ссæн заводæй. Цæмæй ацы бынатæй тагъддæр фервæзон, уый тыххæй фæцырддæр кодтон мæ машинæйы дугъ. Фæлæ та мæнæ ноджыдæр иу ахæм ранмæ бафтыдтæн: горæты быронды фæздæг сау мигъау сбадти. Джызæлмæ цы фæндаг цæуы, уый сæрмæ. Фæтагъддæр та кодтон мæ хæдтулгæйы агъорд.

Æмæ кæд мæ фæллад суадзыны тыххæй мæ фæнд нæ анвтон, уæддæр райдайæны мæ зæрдæйы цы цин æмæ æхсызгондзинад уыдис, уымæн йæ кой дæр нал баззад. Хъуыдыты анигъуылдтæн. Цымæ нæм сæрыстырдзинад цæмæ гæсгæ нал ис? Сæрды бонты улæфæм трамвайтæ æмæ машинæты фæдыл цы рыг сысты, уымæй. Зымæджы бонты тых сæм, фæндæгтæ æмæ уынгтæ бырыщъар кæй вæййынц, уымæй. Уарыны нæхи афтæ дарæм. Æнæ хъынцъым, æнæ уæлдай нысхасæй...

Ахæм хъуыдытимæ бахæццæ дæн Джызæлмæ. Хъобангомы 'рдæм ме 'ргом сарæзтон. Хъæрмæдонмæ цæугæйæ-иу дзы фæндаджы фæйнæварс арæх федтон, сæ фæллад чи уагъта, уыцы адæмы. Иуæй сæм хæлæг дæр кодтон, иннæмæй та мын æхсызгон уыд, æрдзы хъæбысы, доныбыл, бæлæсты аууон сатæджы сын сæ фæллад уадзынæн фадат кæй нæ, уый.

Фæзылдтæн æз дæр фæндаджы иу фарсмæ. Ацы бынат хорз зыдтон. Цæссыгау сыгъдæг суадæтты фарсмæ бирæтæ æрвитынц сæ рæстæг нæ горæты цæрджытæй дæр. Мæнæ та дзы абон дæр адæмæй базмæлæн нал уыд. Мæнæн дæр дзы разындис бынат: бæласы бынмæ батардтон мæ машинæ. Фæлæ ай цы диссаг у? Мæ раздæры æвæджиауы ран зонгæ дæр нал бакодтон. Исдугмæ ма афтæ дæр ахъуыды кодтон, кæд, зæгъын, мыйаг, æндæр бынатмæ бафтыдтæн. Фæйнæрдæм акæстытæ кодтон: нæ фæрæдыдтæн, раздæр-иу кæм уагътон мæ фæллад, уырдæм баздæхтæн абон дæр. Зонгæ та йæ уымæн нал бакодтон, æмæ раздæрау сыгъдæг æмæ анв нæ разынд. Алыхуызон быронæй, авджы сæстытæй, æвгътæй дзы къах бавæрæн нал уыд. Цъæх нæу машинæтæ æмæ æрбацæуджытæ нысæстой. Физонæг уарздзыты æнæхъола миты аххосæй дзы баззад бирæ артдзæстытæ. Чысыл дымгæ дæр фæнык йæ сæрмæ сисы æмæ адæймаджы улæфæнтæ ахгæны. Уæдæ пиллон арт цы бæласы бын скæнай, уымæн дæр æнæ бахус уæвæн нал вæййы.

Уыцы нывтæ мæ цæстытыл куы ауадысты, уæд ахъуыды кодтон: цымæ цавæр адæм уыдысты, сæ фæстæ ахæм æнæуаг уавæр чи нывуагъта, уыдон? Æвæццæгæн, æмæ дзы ахæмтæ дæр разындзæн, æрдз хъахъхъæныны тыххæй стыр ныхæстæ чи фæкæны. Фæлæ йæхæдæг нæ рæсугъд æрдзы хъæбысмæ куы рафты, уæд дзы йæ хорз ныхæстæ ферох вæййынц. Æрдзæн æгъатырæй тыхмæ чи кæны, уый-иу, уæд та ууыл куы ахъуыды кæнид, абон йæ фæллад кæм суагъта, уырдæм æй æнæдер хатт дæр æрбацæуын нæй бахъæудзæн. Æмæ æнцонæй адæймаг æрмæст нунæр хатт кæдæм бафта, уым хъуамæ ахæм худинаджы гакк нывуудза? Иæ фæстæ уырдæм чи бацæуа, уый дæр дзы, хъуамæ байафа сыгъдæгдзинад æмæ зæрдæрухсæй арвита йæ рæстæг.

Æниу рог машинæты иуæйиу хицæутты тыххæй цы зæгъæн ис. Сæхи афтæ дарынц, цыма æрдз хъахъхъæныны закъонтæ æххæст кæнын уыдонмæ нæ хауы. Чысыл раздæр куыд загътон, афтæмæй цы бынаты кой кæнын, уым хъæды астæуты кæлы цæссыджы хуызæн сыгъдæг суадæтты дон. Ис. цæугæ дæтты æмæ малты машинæтæ æхсыны бар чи нæ дæтты, ахæм закъон. Уый у æрдз хъахъхъæныны мадзæлттæй ну, цæмæй йыл эиантæ ма цæуа, дæтты ма мæлой кæсæгтæ, æндæр цæрæгойтæ.

Джызæлы сæрмæ цалдæр сахаты йедтæмæ нæ фæдæн, фæлæ дзы уыцы закъон гуымиры хуызы чи халы, ахæм шофыртæ ну æмæ дыууæ нæ федтон. Æмæ ма, зæгъæм, машинæ доны былæй дарддæр сæвæр æмæ йæ афтæмæй æхс, уæд, кæд ахæм бар дæр нæй, уæддæр уымæн быхсæн уанд. Фæлæ ахæм зын, сæхицæн нæ кæнынц æгъдаухалæт рог машинæты хицæуттæ. Хъуамæ сæ донæн йæ тæккæ бæстастæумæ батæрой æмæ сæ афтæмæй æхсой. Иуæй-нутæн дзы бауайдзæф кодтон, ома, нæ рæсугъд æрдзмæ, нæ сыгъдæг дæттæм ахæм æгъатыр цæстей цæмæн кæсут, зæгъгæ. Фæлæ дзы нйчи баунсæн кодта, уый нæ, фæлæ ма мын мæхи азымджын фæкодтой, дæу та, цы хъуыддаг нс, кæд дæ фæллад уадзынмæ æрбацыдтæ, уæд æнцад бад æмæ сыгъдæг уæлдæфæй улæф.

Æз та афтæ æнхъæл дæн, æмæ æрдз хъахъхъæныны у алы адæймаджы хъуыддаг дæр. Дæ фарсмæ нечи æнæуаг митæ куы кæна, йæ фæстæ йæ бырон куынæ бафснайа, авджы сæстытæ æмæ æнгтæ бæласты бынмæ куы кала, уæд уымæн бауайдзæф кæнын у алы адæймаджы хæс. Афтæ куы нæ уа, алчидæр йæхи нуварс куы ласа, зылыдныкнæн йæ азым куынæ бацамона, уæд нæ æрдз кæндзæн мæгуырæй-мæгуырдæр, адæймаг йæ фæллад кæм суадза, сыгъдæг уæлдæфæй кæм сулæфа, æмæ бынæттæ кæндзысты къддæрæй-къддæр. Уымæ гæсгæ уе 'ппæтмæ дæр сидын: нæ фæстæ чи æрбацæудзæн, уыдоныл ахъуыды кæнæм, ма сæ баппарæм цъысымы...

Ацы хатт дæр та мæ фæндæй ницы рауад, куыд æнхъæл уыдтæн, афтæ мæ бон нæ баци мæ фæллад суадзын. Æмæ цымæ кæй аххосæй? Сымахæй йæхимæ æмæ нын нымæ ары?

ЗÆРДÆДАРÆН ИС

«СПАРТАК» — «ТАВРИЯ» — 1:1

Футболæй ССР Цæдисы 53-æм чемпионаты фыццаг къорды командæты ерысты хъæстыты къæлидармæ рæстæг райдыдтой апрелы райдайæны. Фæлæ гуырдыстойнаг командæтæ Кутаисы «Торпедо» æмæ Сухумы «Динамо» иæ бæстæйы чемпионаты архайыныл кæй нал сразы сты, уый тыххæй Орджоникидзейы «Спартачы» фыццаг дыуæ хъæзты нал рауадысты æмæ иæ республикæйы футболуарзджыты сæ уарзон командæнмæ фембæлынмæ æнхъæлмæ кæсын бахъуыд 17 апрелмæ. Уæдмæ фыццаг къорды фылдæр командæтæ аводтой фæбæх дыуæ-æртæ хæзты ис, ацы аз «Спартак» йæ зæрдæтæ арæхдæр кæй рухс кæндзæн, уымæй.

Æрвылаз куыд вæййы, афтæ та ацы азы футболон чемпионаты дæр ис иддзинæдтæ. Ныр иог уавæрмæ рæстæг чемпионаты кæрон фыццаг къорды командæтæй уæлдæр къордмæ схиздзысты цыппар хуыздæр коллективы, дæлдæр къордмæ т а д з ы рахаудзæн æрмæст иу. Æмæ «Спартак» хуыздæр командæты нымæцмæ бахауыныл тох кæныны хæс кæй сæвæрдта йæ размæ, уый арфæйаг хъуыддаг у æмæ йыл иæ зæрдæ зæтъы, цæмæй ацы хатт спортуарзджыты

'мбæлттæ цы танчы бадтысты, уыл. Танк ссыгъд. Тыхамæлттæй судзгæ танкæй райстой Майрæмы æмæ йе 'мбæлттæ. Майрæм фæцис уæззау цæф. Удмидæг ма уыдис, афтæмæй йæ аластой Красноярскы госпиталмæ. Дохтыртæ бирæ фæтох кодтой йæ ферхæзын кæныныл. Æмæ ферхæзт. Фæуæлахиз æрыгон туг, æрыгон буар. Фæлæ хæстæн нал сбæзыд. Æрыгонæй ссис инвалид. Аст мæйы госпиталы фæхуыссыны фæстæ ссыдис Ирыстонмæ. Иæ риуыл тæмæнтæ калдтой Фыдыбæстæйы хæсты фыццаг къæпхæны орден æмæ цалдæр хæстон майданы. Иæ цæфты хъæдгæмттæ æххæст нæ байгас сты, афтæмæй кусын райдыдта уæды Махческы районы адæмон ахуырады сæргълæууæгæй. Майрæм йе 'ргом фыццагдæр аздæхта ног скъолаты арæзтадмæ. Уыцы уæззау уавæрты йæ разамындæй скъолатæ арæзт æрцыд хæххон хъæутæ Стыр Дыгуры, Дзинагъайы, Доныфарсы, Задалескы, Нары, Æхсæуы æмæ æндæр рæтты. Иннæ скъолаты агъуыстытæ та бындуронæй æрцыдысты цалдæггонд. Майрæм зæрдиагæй архайдта ахуыргæнджыты зонындзинæдтæ фылдæр кæныныл.

1956 азы, Махческы æмæ Æрæфы районтæ куы баиу сты, уæд Майрæмы снысан кодтой районы ахуырады хайады скъолаты инспекторæй. Акуыста дзы ну афæдз. 1957 азы Майрæмы сæвæрдтой Мацутайы астæуккаг скъолайы директорæй. Иæ арфæйаг фæллойы тыххæй йæ УСФСР-йы Адæмон ахуырады министрад схорзæхджын кодта «Адæмон ахуырады отличник»-ы рæуыллдаргæ нысанæй. Фæстæдæр ын лæвæрд æрцыд кадджын ном «Цæгат Ирыстоны АССР-йы скъолаты сгуыхт ахуыргæнæг».

1960—1964 азты Майрæм куыста Æрæфы районы Калинины номыл колхозы. Уыдис парткомы секретарь, фæстæдæр та сæрдар. Пенсимæ куы рацыд, уæд Махческы скъолайы æмæ районы разамонджыты фæндонмæ гæсгæ кусын райдыдта Махческы астæон скъолайы. Æмæ йæ царды фæстаг бонтæм куыста уым.

Майрæм уыдис дзырддзæугæ хистæр. Иæ цот дæр рауадысты йæхи хуызæн уæздан æмæ зæрдæхæлар, куыстуарзон. Фесты уæлдæр ахуыргæнæндæттæ. Кусынц алы рæтты. Хæсты ностæ æмæ хъæдгæмттæ Майрæмы цух нæ уагътой, æруатон-ну æй кодтой арæх. Амард 1983 азы. Фæлæ æхсарджын хæстон æмæ рухстауæджы ном нæ рох кæны йæ бирæ ахуыргæнинæгтæй æмæ хæстон æмгæрттæй.

ГАДЗИАТЫ Фузæ,
Цæгат Ирыстоны музейты нугонды наукон кусæг.

ФУТБОЛ

Командæты хъæзтытæ ахи— «Факел» — 2:1. «Ростсельмаш» — «Локомотив» Г. — 2:0, «Пахтакор» — «Нистру» — 3:0, «Кайрат» — «Металлург» — 0:2. «Кузбасс» — «Нефтчи» — 0:0. «Геолог» — «Динамо» Сх. — 2:0. «Шинник» — «Кубань» — 3:0. «Котайк» — «Тирас» — 3:0.

ГУЫБАТЫ Ч.

КЪАМТЫ: командæ «Спартак» æмæ хъæзты рæстæг.

Командæты уавæр ныртæккæ

æхцайы премиумы.

ЗÆРДÆДАРÆН ИС

«СПАРТАК» — «ТАВРИЯ» — 1:1

Футболæй СССР Цæдисы 53-æм чемпионаты фыццаг къорды командæты ерысты хъæзтыты къæлиндармæ гæсгæ райдыдтой апрелы райдайæны. Фæлæ гуырдзыстойнаг командæтæ Кутаисы «Торпедо» æмæ Сухумы «Динамо» нæ бæстæйы чемпионаты архайыныл кæй нал сразы сты, уый тыххæй Орджоникидзейы «Спартачы» фыццаг дыууæ хъазты нал рауадысты æмæ нæ республикæйы футболуарзджыты сæ уарзон командæнмæ æнхъæлмæ кæсын бахъуыд 17 апрелмæ. Уæдмæ фыццаг къорды фылдæр командæтæ акодтой фæйнæ дыууæ-æртæ хъазты æмæ æрæмбырд кодтой фыццаг дыгай-æртыгай æмæ цыппæргай очкотæ. Уыцы хъуыддаг иуцасдæр зын уавæры сæвæрдта «Спартачы», бахъæудзæн æй. размæ чи атырныдта, уыцы командæты байгафыныл тох кæнын. Уыцы тох та æнцон кæй нæ уыдзæн, уый зынгонд у. Фыццаг къорды командæтæн сæ фылдæр ницæмæй лæмæгъдæр сты уæлдæр къорды командæтæй. Уым къордгай азты дæргъы чи архайдта æмæ сфидар. уыдон сты «Нефтчи», «Кайрат», Мæскуыйы «Локомотив». «Зенит», «Пахтакор». стæй æрвылаз уæлдæр къордмæ схиынмæ чи тырны, æмæ турнирон таблицæйы бæрзонд бынæттæ чи бацахсы, уыцы «Факел». Стъзраполы «Динамо», «Геолог» æмæ иннæтæ. Нæ, æнцон нæ уыдзæн ацы аз дæр уыцы командæтимæ тох кæнын «Спартак»-æн, кæд йæ рæнхъытæ дзæвгар фæфидардæр кодта арæхстджын футболистгæйуæддæр. Æхсызгон цауыл банымайын хъæуы, нæ командæмæ ацы аз фæлтæрдджын футболисттæ кæй æрбацыд, уый. Уыдон сты, уæлдæр къорды футболон тохты арæхстджынæй чи архайдта. уыдон — Виктор Васильев, Александр Новиков, Тедеты Бахва, Валерий Корнеев. Олег Свинаидзе, стæй æрыгон æмæ курдиатджын футболисттæ Джиоты Инал (Цхинвалы «Спартак»-æй), Григорий Иванов. Пагæты Артур æмæ иннæтæ. Гъе, уыдоны, стæй нæ командæйы иннæ арæхстджындæр футболисты фæрцы зæрдæдарæн æмæ ныфсджындæр уæвæн хъазтæй спортуарзджыты æхцайы премиумы.

Æрвылаз куыд вæййы, афтæ та ацы азы футболон чемпионаты дæр ис ивддзинæдтæ. Ныр ног уавæрмæ гæсгæ чемпионаты кæрон фыццаг къорды командæтæй уæлдæр кæрдмæ схиздзысты цыппар хуыздæр коллективы, дæлдæр кæрдмæ т а д з ы рахаудзæн æрмæст иу. Æмæ «Спартак» хуыздæр командæты нымæцмæ бахауыныл тох кæныны хæс кæй сæвæрдта йæ размæ, уый арфæйаг хъуыддаг у æмæ йын нæ зæрдæ зæгъы, цæмæй ацы хатт спортуарзджыты фыдæнхъæл мауал фæкæна.

Футболæй бæстæйы чемпионаты фыццаг бон спортивон бæрæгбон вæййы алы аз дæр. Бæрæгбон та æдзухдæр адæмæй фидауы. Æмæ та æндæрæбон дæр республикæйы стадион «Спартачы» адæмæй къух бакæнæн дæр нал уыд. Хъазт райдайыны агъоммæ бæрæгбон базæрдæмæдзæугæ кодтой ансамбль «Суадон»-ы зарæггæнджытæ, азарыдысты цалдæр ирон зарæджы. Уый фæстæ спортсментæн æмæ спортуарзджытæн зæрдиаг арфæтæ ракодта физкультурæ æмæ спорты Цæгат Ирыстоны паддзахадон комитеты сæрдар Андиаты Сослан æмæ ерысты тырыса хæрдмæ сисыны бар радта дыууæ командæйы капитантæ Гæззаты Юрий æмæ Александр Гайдашинæн.

Æмæ та фембæлдысты дыууæ рагон ныхмæлæууæджы — Орджоникидзейы «Спартак» æмæ Симферополы «Таврия». Фембæлдысты ну æмæ ссæдзæм хатт. Æмæ раздæры ссæдз фембæлды бæрæггæнæнтæ уыдысты «Таврия»-йы пайдайæн — фæуæлахиз дæс хатты. «Спартак» та æрмæст фонда хатты рацыд хъазæн фæзæй уæлахизæй. Хъазт райдыдта дыууæ командæйы æмхуызон ныббырстытæй, дæс минутмæ кæрæдзийы дуармæ хæстæг сæвзæрын кодтой тæссаг уавæртæ. Фæлæ дæсæм минутæй фæстæмæ фæзы хицауиуæг кæныл райдыдтой спартаконтæ. Уæздæтыл тынгæнтынгдæр «тыхсын» кæныл райдыдта Тедеты Бахва. Æмæ йæ ацы азы чемпионаты фыццаг пурти бакъуырдта уæздæтыты дуары хъазты иуæндæсæм минуты райдайæны. Уæдæй фæстæмæ факарздæр сты нæ læппуты ныббырстытæ, бирæ хæттыты æввахс уыдысты хыгъд фæфылдæр кæнынмæ, фæлæ уæздæтыл хъахъхъæнджытæ æмæ дуарræс сарæхстысты сæ дуары æдасдзинад бахъахъхъæнынмæ.

Уыдис фадæттæ симферополаг футболисттæн дæр хыгъд сæмхуызон кæнынæн æмæ дзы спайда кодтой æрмæст иуæй. Уый рауад, хъазты дыккаг æмбисæй 30 минуты куы рацыд, уæд. Нæ дуаргæс Пересковы хызыл пурти сæмбæлын кодта Юрий Максимов — 1:1. Æмæ уыцы хыгъд нал анвта хъазты кæронмæ. кæд ма спартаконтæн æртæ хатты иттæг хорз фадæттæ уыд хыгъд фæфылдæр кæнынæн, уæддæр. Сæйраг хатдзæг. «Спартак-90» цæн сты афтæ: «Динамо» Ст. фаронæй дзæвгар хъомысджындæр у æмæ сарæхсдзæн йæ нысан сæххæст кæнынмæ.

Хъазты фæстæ уыдис спортивон лотерей. Тæккæ амонджындæр билеты хицæуттæ разындысты шофыртæ Лолаты Сослæнбет æмæ Цъæхойты Валодя, рамбылдтой фæйнæ «Москвич»-ы.

Æндæрæбон къорды иннæ командæты хъæзтытæ ахи— «Факел» — 2:1. «Ростсельмаш» — «Локомотив» Г. — 2:0, «Пахтакор» — «Нистру» — 3:0, «Кайрат» — «Металлург» — 0:2. «Кузбасс» — «Нефтчи» — 0:0, «Геолог» — «Динамо» Сх. — 2:0, «Шинник» — «Кубань» — 3:0. «Котайк» — «Тирас» — 3:0.

ГУЫБАТЫ Ч.

КЪАМТЫ: командæ «Спартак» æмæ хъазты рæстæг.

ФУТБОЛ

Командæты уавæр ныртæккæ

Командæтæ	Ахъазыд	Рамбылдта	Æмдыкк	Фæхæрд	Пуртитæ	Очкотæ
1. «Металлург»	3	3	0	0	6—0	6
2. «Геолог»	3	2	1	0	3—0	5
3. «Нефтчи»	4	1	3	0	5—2	5
4. «Шинник»	3	1	2	0	4—1	4
5. «Пахтакор»	3	1	1	1	4—4	3
6. «Ростсельмаш»	3	1	1	1	5—5	3
7. «Кайрат»	3	1	1	1	1—2	3
8. «Таврия»	4	0	3	1	1—2	3
9. «Динамо» Ст.	3	1	1	1	2—3	3
10. «Тирас»	4	0	3	1	3—6	3
11. «Котайк»	1	1	0	0	3—0	2
12. «Локомотив» М.	1	1	0	0	3—0	2
13. «Зенит»	3	0	2	1	1—2	2
14. «Факел»	2	1	0	1	3—2	2
15. «Кубань»	3	1	0	2	1—6	2
16. «Нистру»	3	0	2	1	3—6	2
17. «Спартак»	1	0	1	0	1—1	1
18. «Кузбасс»	2	0	1	1	0—1	1
19. «Динамо» Сх.	1	0	0	1	0—2	0
20. «Локомотив» Г.	2	0	0	2	0—4	0

Æвæдза, адæймаджы куыд гыццыл хъæуы. Иæ бафхæрынæн æмæ йæ зæрдæ балхæнынæн дæр. Æрмæстдæр иу ныхас, æмæ дæ адæймаг кæнæ йе сæфт фендзæн, кæнæ та дæм кувгæ кæндзæн.

Цæвиттон, мæн зæгъын фæнды, адæмон лæггæдтæ чи кæны, уыдонæй ныуы тыххæй — нæ горæты телефонты бастдзинады куысты тыххæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, æппæт куыдзыты хорзы, йе 'та æвзæры кой кæнæн нæй. Уымæн æмæ æддæмæ нæ зыны сæ архайд. Фæлæ сыл мæ зæрдæ фæхудт. Æз фæллад адæймаг дæн. Мæ чысылæй фæстæмæ æнæзæрдæхудт фæллой фæкодтон нæ Фыдыбæстæйы сæрапонд. Æмæ мæ фæнды, цæмæй мын мæхимæ дæр уа ахæм цæстæнгас.

Мæ хæстæджытæ сты алы дард рæтты. Кæрæдзийы арæх бæрæг кæнынмæ фадат кæм нс. Фæлæ уый тыххæй та нс телефон. Уый дæ цыфæнды дард рапимæ дæр уайтагъд абæтдзæн. Уайтагъд, зæгъгæ, уый адæймаджы фæндгæ афтæ фæкæны . Æцæгдзинадæй та куыд вæййы? Зæгъæм, æндæр горæтмæ дæ бадзырын хъæуы. Æрзылдтай 07. Заказ радтай. Станцæйæ дын дзуапп ратдзысты: «Сахаты 'рдæг æнхъæлмæ кæс». Фæлæ уыцы сахаты 'рдæг фылдæр хатт 2—3 сахаты бæрц ахæссы. Дыккаг дзырд сæм куы бакæнай, мæ заказ кæм нс, зæгъгæ, уæд дæ хъуыр-хъуыры бын фæкæндзысты. Цымæ цæуыл фæмæсты кæныиц? Исчи сæ, мыйгаг, тыххæй бакодта уырдæм кусынмæ?

Кæд о, уæд сæ, уæ хорзæхæй, суæгъд нæиут æмæ мауал халой нæдæр адæмы, нæдæр сæхи нервытæ, кæд кусгæ кæныиц уæд та хорз кусæнт, ома, куыд æмбæлы, афтæ. Науæд адæймаг æнхъæлмæ кæсгæйæ баззайы.

БАЙМÆТАТЫ Зæринæ, раздæры ахуыргæнæг, пенсинсæг.

Редактор ХЪЕСАТЫ В.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ ПАДДЗАХАДОН ДРАМОН ТЕАТР

19 апрелы — «Куырдуаты бадæг».
21 апрелы — «Зæлийы чындзытæ».
22 апрелы — «Хазби».

Спектаклты райдайæн — нзæры авд сахат.

КУЫД НЫН ЛÆГГАД КÆНЫНЦ?

КУСГÆ, УÆД ХУЫЗÆНÆН

Номыры мыхуыргонд æрцыдысты Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы уынаффæтæ.

В. И. Ленины райгуырды 120 азы бонмæ фыст у академик Г. Семеновы статья «Социализм — дзыллæты сфæлдыстад».

1-æм астæуккаг профессионон-техникон училищейы коммунисты æмбырдæй фыссы æрмæг В. Троицкая.

Номыры — завод «Электроцинчы» политрухсады кабинеты сæргълæууæг Г. Мовчаны хъуыдытæ СЦКП-йы ЦК-йы журнал «Диалог»-ы фæдыл, Г. Филатовы æрмæг Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы депутаттæм кандидат М. Бузуртановы тыххæй, радон рауагъд «Сгуыхтдзинады эстафетæ», цыбыр уацхъуыдтæ республикæйы цардæй.

362015 — ЦИАССР, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98. «Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:
- Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
- Ред. хæдивдзытæ — 5-55-89, 5-35-87.
- Бæрнон секретарь — 5-44-37.
- Бæрнон сек. хæдивдзытæ — 5-46-39.

ХАЙÆДТÆ:
- Партион-идеологон куыст 5-45-36, 5-35-88.
- Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
- Индустрион-экономикон — 5-45-31.
- Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
- Культурæ, ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
- Спорт, информаци — 5-35-92, 5-53-72.
- Писмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
- Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50.
- Тæлмацгæнæг — 5-63-19.
- Корректортæ — 5-67-03.
- Изæрон редакци — 5-35-71.
- Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз 250 хатты, къуырн та — фонда хатты. Индекс — 53901. 3

ЕИ 00987 Бæрзонд мыхуыр. 1,86 мыхуырон сыфы. Тираж — 23.500 Заказ № 219

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи. 362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.